

# KO NDINGAKUNDEWO SEI?



Ngatikotamisei misoro yedu kuti tinamate.

Baba vedu, tinoKutendai, mangwanani ano, nokuda kwenguva huru kwazvo yokuuya pamwe chete zvakare, uye nokuzarura Shoko raShe, takaRiradzika pano mberi kwedu. Uye—uye nomunamato zvino, kuti Mweya Mutsvene agotora izvo zviri Mwari, ogoZviunza kwatiri, kuitira kuti tigobva panzvimbo ino yokunamatira nhasi tiine moyo inofara izere nomufaro. Kuona simba reNyu guru rokudzikinura, Ishe, kudzikinura kwarinoita nhapwa nokudzisunungura, zvinotizivisa “zvinhu zvakambovapo, nezviripo, nezvichazouya.” Uye tinongoKutendai nokuda kwezvinhu izvi.

<sup>2</sup> Tinonamata kuti Mugotiropafadza patiri kunzvera Shoko reNyu zvino pamwe chete. Uye patichaenda, dai zvikanzi mumoyo yedu, patinenge tichienda tiri munzira, “Moyo yedu yanga ichitsva mukati medu apo iYe, Mweya Mutsvene, anga achitaura nesu apo patanga tiri munzira.”

<sup>3</sup> Ropafadzai mushumiri wose nhasi, kwese-kwese, varanda veNyu vakamiririra iChi, Chokwadi cheNyu. Pindurai minamato yavo yevarwere. Podzai mitumbi iri kurwara yeavo vari kutambudzika.

<sup>4</sup> Ishe, tinokumbira kuti Mugoenda pakati pevanhu uye mugotsvaka mbeu yakatemerwa kunze uko, Ishe, mugoiunza kuno, neimwe nzira, kuitira kuti Chiedza chigowira munzira, Ishe. Nokuti, tinotenda kuti nguva yave kupera, zuva rave kunyura nokuchimbidza kumadokero, zvino nokuchimbidza zvichazova kuti “nguva pachange pachisina.” Nguva neZiendanakuenda zvichasanganiswa pamwe chete apo Mwari nevanhu vaKe vachasanganiswa pamwe chete. Uye tinonamata, Mwari, kuti, panguva iyoyo, kuti tichaverengawo pakati peavo vachabatanidzwa muna Kristu, vanonzi Mwenga waKe.

Tibatsirei, nhasi, patiri kugadzirira, tisingazive kuti ramangwana rakadini, asi takagadzirira kugamuchira chose hacho, Ishe, sokuziva kwedu, izvo zvaMakatichengetera. Takagadzirira kuZvigamuchira. Tinokumbira ropafadzo iri kuti Mwari vawane mbiri, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Mungagara henyu pasi.

<sup>5</sup> Ndanga ndichifara zvirokwazvo, mangwanani ano, pandafamba ndichipinda ndokuona kuti va—vanhu vakaunganira pamwe chete shumiro yaShe. Uye tiri kupa chiziviso zvino chemanheru. Kuchave neshumiro yekupodzwa

kwevarwere nhasi manheru. Tichange tichinamatira vanorwara, nhasi manheru. Munguva shoma ichangopfuura, vanga . . .

<sup>6</sup> Pandapinda, Billy, mwanakomana wangu, andiudza, ati, “Pane mumwe—mumwe muchinda pano, anongori murombo atyaira achibva chinhambwe chiri kure.” Uye ati, “Nda—ndamuisa mukamuri, Baba.”

<sup>7</sup> Nda—ndakasvika nguva yapera nezuro manheru, uye—uye handina kukwanisa kunzvera zvakawanda pachidzidzo cheSunday school chandanga ndiri kuzotaura nezvacho, mangwanani ano. Nokudaro ndatora zvinyorwa zviduku zvandakatora kubva pane zvandakanzwa kubva kune zvakataurwa neimwe hama, ndokutora kubvapo magwaro, kuti tigova nechidzidzo cheSunday school mangwanani ano; uye patiri kugadzirira, nokugadzirira shumiro yamanheru.

<sup>8</sup> Zvino Billy ati, “Pane murume ari umo ari kurwara.” Ndokuti, “Ndi—ndi—ndinoshuvira kuti muende nemo munomuona.” Saka, ndapinda mukamuri iyi iye zvino. Uye hama ine zera rinenge rangu, nemudzimai wake, vagere imomo. Zvino Mweya Mutsvene waburukira patiri mukamuri iyi iye zvino.

<sup>9</sup> Pafungei, kungotaura nezveshumiro yekupodzwa kwevarwere, zvino heunoi Uyo. Maona? Uye Audza hama iyi pamusoro pezvose zvaakaita, uye nezvaanga ari kuita, uye nezvakakonzera dambudziko rake, uye nekwaabva, uye nezvose pamusoro pake. Zvino paiva nemumvuri wakasviba mukuru wanga wakaremba mukamuri iyi. Zvino kwatanga kujeka, kuchijeka, kuchijeka, nokujeka, zvino Mweya Mutsvene ndokubva watanga kushanda.

<sup>10</sup> Zvino, ndinofunga kuti murume uyu ari mu...pane imwe nzvimbo kumashure kuno zvino. Iye nemudzimai wake kuda vatadza kupinda muchivakwa, asi vati vachange vachizomirira, zvakadaro, kuitira shumiro. Vanobva kumusoro, pedyo neYakima, Washington, ndokuuya vachityaira. Uye mushumiri weEvhangeri.

Asi kungoona nyasha dza—dzaMwari ipapo! Apo, murume uyu akambenge ari muchipatara uye ndokupiwa mishonga nezvose. Mweya Mutsvene uchizarura zvose izvi. Apo, vanachiremba vachiedza zvikuru kuita zvose zvavaikwanisa, zvichida, kuitira murume uyu, asi zvangotora kakubata kaduku kubva kuna Mwari, kushandura mamiriro ezvinhu. Kurapa nemishonga yakasimba zvakanaka, asi zvakangoita sezvatingati “kupfura murima,” munoziva. Iwe, zvinogona kutokuwedzera kurwara, munoona, nokuti unozokanganwa zvose zvawakamboziva, pavanoisa mushonga uyu mauri. Asi Mwari Ishe, nenyasha netsitsi dzaVo! Uye kunyange ndisati ndamboreva shoko rokuvanamatira, zvanga zvatopera. Maona?

Zvangotora chimwe chinhu kubva kuna Mwari, kumwe kubata kuya, kuti zviitike.

Handifanire kutaura izvi. Hongu. Ndatarisa, ndiri kuona murume wacho zvino. Zvakanaka, handina kuziva kana manga muri muchabudirira nhasi, kana kuti kwete.

<sup>11</sup> Zasi munyika mandanga ndiri kugara, svondo rino. Ndi—ndi—ndinoda shamwari dzangu zasi ikoko. Izororo duku pasati pava nemisangano mikuru iyi, munoono. Uye ndinouya kumba, kuti ndiende zasi ikoko kuti ndinovhima tsindi pamwe nehama idzodzi. Zvino mhuri iyi, mhuri idzi, waro, dzandinogara nadzo zasi uko, zvirokwasvo vanhu vakaisvonaka. Uye murume wacho, ihama chaiyo, shamwari; ndizvo zvakavari.

Zvino mumwe wavo anoda zvikuru imbwa dze—dzekuvhimisa. Zvino ane danga radzo rizere kumusoro ikoko. Zvino—zvino ndakaona imbwa duku yakanakisisa zasi ikoko, imbwa duku iyi, yaiva izvo zvandinodana kuti, “chidimbu chembwa kuenda mudenga nembwa mbiri pakureba,” munoziva, yakanga—yakanga iri kumhanya-mhanya pamba ipapo. Uye ndakafunga, “Zvangu ini, kuti Joe haangadawo here kuva neyakadaro!”

<sup>12</sup> Zvino, saizvozvowo, uko kuArizona, haukwanise kuishandisa. Inopinda mumadhorofio, zvino ndiwo anobva ava magumo ayo. Saka zvadaro ndakati, zvakare, “Haukwanise kuva nayo. Havashandise imbwa ikoko, munzvimbo iyoyo yenyika. Nokuti, ivo, saka, havambokwanisi kudzishandisa. Dzino...zvakare, mamiriro ekunze, ma—mamiriro enyika ine nemadhorofio, zvino dzinouraiwa.” Uyezve, chokwadi, imbwa kunze ikoko, mhu—mhumhi, kanawo chimwe chinhu chinouiraya, zvichida, zvikadaro, kana ikange yabuda kunze.

<sup>13</sup> Saka zvino murume uyu akati kwandiri, “Munogona kungoitira yova yenyu.” Asi ha—handina kuda kuitora. Nda—ndakazvikoshesa. Ndipo pandakazoziva kuti, yaiva imwe yeimbwa dzake dzaaidisisa.

<sup>14</sup> Zvino murume uyu ane mudzimai wake muduku akaisvonaka nevana vaduku. Zvino rimwe ramazuva, vakatanga kutyaira motokari yemurume vachidzoka shure, uye vaiva ne motokari yeOldsmobile iyi. Zvino kambwa kaduku kakanga kakareba kuda *sezvizi*, kangori kambwanana. Zvino vakakatsika nepamusoro chaipo pako. Iyi Oldsmobile ndokuenda yakachinjika nepamusoro pekambwa aka, nekumusana kwako pano *apa*, ndokukakuya kari pasi, apo matombo akanga ari munzira akanga achangokabaya nepadumbu rako duku zasi kuno, munoziva. Zvino—zvino mudzimai muduku, panzvimbo yokumhanya nekambwa kaduku kuna chiremba wemhuka...Sezvamunoziva, chiremba wemhuka aingokaradzika pakarepo, okauraya. Maona?

Paiva nemumwe mujaya aiva neni. Zvino paakangosvikapo, akati, “Dai iyi yanga iri imbwa yangu, ndaiipfura.” Ndokuti, “Ndizvozvo. Kuirega ichitambudzika zvakadarwo?”

<sup>15</sup> Ndikati, “Zvakanaka, ngatisaipfurei.” Ndikati, “Ngatimbomirai zvishoma.”

Ndokubvisa vanhu vose, ndokuenda kunoinamatira. Kambwa kaduku kakanditevera kusvika pavharanda. Zvino iko, [Ungano inopembera—Mupepeti.] hongu, iko... Maona? “Zvinhu zvose zvamunoda, pamunonamata, tendai kuti mazvigamuchira; muchava nazvo, muchazvipiwa.” “Zvinhu zvipi hazvo.” Ndiye Ishe Mwari wedu. Handizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”] A—Akaisvonaka nokushamisa. Uye tinoMuda zvemazvirokwazvo, mangwanani ano; nokuMutarisira, nokuziva.

<sup>16</sup> Ndakaona, pane rimwe zuva, i—imwe mhuri yakwegura, amai nababa veimwe nhengo yakaisvonaka yeungano ino—ino yevatendi. Zvino amai vave, o, ndinofungidzira pedyo nezana, nababa vakadarowo, zvakare. Zvino kwemakore gumi nemaviri murume uyu haana kumbofamba; nemusana wake, akangorara akati twasa. Kana kuti, aitadza kurara nedivi rake, kana zvachose. Akararapo kwemakore gumi nemaviri. Kwaingori kuchembera! Uye amai zvino vane zera rinenge remurume, ndinofunga kudaro, nechepedyo nezana, uye mukweguru uyu anonzwise urombo anenge ave kurasikirwa nokukwanisa kushandisa pfungwa dzake. Mudzimai ari kufunga kuti pane ari kumutorera zvose zvaainazvo.

Zvino ndakatarisa pane . . .kune rimwe divi retafura, kwatiri tose, vaduku nevakuru, tigerepo. Zvino ndikati, “Ko tiri kuendepi? Ko tiri kuitei?” Zvino mudzimai wandakanga ndakagarisana naye zvino, ava vakanga vari amai nababa vake. Zvino ndakati, “Iwe wakanangawo ikoko, zvakare. Ndizvo chaizvo, mumwe nomumwe wedu.” Maona?

<sup>17</sup> Ingozvfunga, kwechinguvana, tisati tatanga chidzidzo chedu. Ndiko kwauri kuenda. Ko uri kushingairireiko? Kuitira kuti ukwanise kurarama. Ko uri kuraramireiko? Kuitira kuti ugofa. Haungava here hupenzi huku kana tikasagamuchira nzira yaMwari yeHupenyu Husingaperi? Chii chatingafunga pamusoro pachu? Chii—chii chinogona kunge chiri mupfungwa dzedu, chingakwezva maonero edu kubva . . .kune chii hacho? Ko dai waiva uine zana remamiriyoni emadhora, uye uriwe muridzi wedunhu re—reIndiana, kanawo rimwe dunhu, kunyangwe nyika, kana, zviru maererano naizvozvo, pasi rose?

Ukararama nguva yakarebesa, unotofanirwa kusvika pakadarowo, zvakare. Maona? Uye nguva dzose, zuva nezuva, nguva yose panorova moyo wako, uri kuenda wakanyatsonangana naipapo. Maona? Iwe, hapana kukunda kwaungaite. Uri kudivi rokukundika, uye, iwe, unofanirwa

kutokundika. Asi rangarira vimbiso, yokuti, “Uyo acharasikirwa noupenyu hwake nokuda kwaNgu achahuwana.” Zvino, ndeupi upfumi hwaungawana hungadarika Upenyu, kunyange wawana pasi rose rave rako? Asi, kana iwe—kana iwe ukawana Upenyu, wawana chinhu chikurusa chingagona kuwanikwa. Ndinoda ku. . .

<sup>18</sup> Ndatarisa kuruboshwe rwangu ndikaona zvakare, iye zvino, chimwe chiratidzo chenyasha dzaShe. Kuda masvondo maviri apfuura, ndakadanwa pafoni. Zvino imwe nhengo yakaisvonaka yekereke ino, kana mutumbi uno. . . Handidi kudana ino sekereke. Ndi—ndinoda kuidana, kuti. . .

Sekutura kwandakanga ndiri kuita nevamwe vanhu, vakati, “Saka, uri wekereke ipi?”

Ndikati, “Handina yandinopinda. . .”

“Uri wesangano ripi?”

Ndikati, “Hapana.”

Ndokuti, “Saka, uri wechii?”

Ndikati, “Humambo.”

<sup>19</sup> Humambo! “Uye neMweya mumwe chete takabhabhatidzwa muHumambo uhu.” Nemweya mumwe chete, tose, muHumambo uhu! Jesu akati, “Namatai, ‘Humambo hweNyu ngahuuye. Kuda kwenyu ngakuitwe panyika, sezvazviri Kudenga.’” Zvino, Akamira nerimwe zuva pamberi peGomo roKushandurwa, Akati, “Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, pane vamwe vamire pano, havazoravira rufu, kusvikira vaona Humambo huchiuya musimba.” Zvakafanoratidzwa, sezvatakapfuura nemazviri, Gomo roKushandurwa. Uye Bhaibheri rakati, “Humambo hwaMwari huri mamuri.” Saka, ava vanhu veHumambo vanopupura kuti uno hausi musha wavo. Uno hausi musha wedu. Tiri kutarisira Kuuya kwaMambo, kuzogadza Humambo.

<sup>20</sup> Ndakadanirwa pachinhano chemumwe akanga ave munjodzi, che—chehama mutana yanga yakaita sababa kwandiri. Zvino iye. . . Handina kunge ndamuziva kwenguva yakareba, asi ndinorangarira zuva iro randakavaunza muno kuzovabhabhatidza mumvura. Zvino murume uyu nenguva shoma achange ave nemakore makumi mapfumbamwe nerimwe okuberekwa. Zvino mudzimai wake akaisvonaka akandidana, uye nokuti aiva mukoti, akati, “Moyo wake wakundika zvachose.” Kunze kwaizvozvo, akanga aine. . . O, ndinodana. . . handikwanise kutaura zita racho. Kukundika kwemoyo. [Imwe hanzvadzi inoti, “Tsinga dzemoyo”—Mupepeti.] Kukundika kwetsinga dzemoyo. Ndatenda. Kukundika kwetsinga dzemoyo, nekukundika kwemoyo. Chiremba haana kupa tariro, zvachose. Zvino murume uyu akanga ave kufa, zvino ndokundidana.

<sup>21</sup> Zvino ndakapinda muFord yangu duku, ndokupinda munzira kuenda kuOhio, nokukwanisa kwese kwandaigona.

Uye ndisingazive, rimwe vhiri rangu rakanga risiri mumutsara, rakakwatanura tai racho kubva pariri. Uye zvino ndaka... ndokusvika ikoko. Ndichibva panodirwa peturu, kunge eleven o'clock. Ndakanga ndiri kunetseka nezvavo. Ndi—ndinovada. Uye ndinoziva, kana—kana zvikaenderera mberi, Ishe vachigere kuuya, handiti, munguva inotevera, tichazosiyana mumwe nomumwe.

<sup>22</sup> Asi, izvozvo hazvikanganisi Kubvutwa, zvino. Maona? Kwete. Vanouya kutanga, zvino. Vane mukana wakanaka, avo vakatungamira. Vanotanga kuuya. Maona? Maona? “Isu tiri vapenyu vakasara, paKuuya kwaIshe, hatizokanganisi kana kudzivisa avo vavete. Hwamanda yaMwari icharira; vakafa muna Kristu vachamuka kutanga. Zvino apo meso edu paachaona vadikanwi vedu, zvadaro tichashandurwa, kamwekamwe, sekubwaira kweziso, uye pamwe navo tichabvutwa pamwe chete.” Maona? Avo vanoenda kutanga vane mukana uri pamusoro peavo vanenge vari vapenyu.

<sup>23</sup> Pandakafamba ndichibva panodirwa peturu, panguva chaidzo dzaeleven o'clock, Mweya Mutsvene wakati kwandiri, “Usanetseka nezvake. Uchabata ruwoko rwake chishanu, munzira zvakare, uye achauya mukereke,” murume ane makore makumi mapfumbamwe nerimwe okuzvarwa, ari kufa.

Pandakasangana nomudzimai wavo nevadikanwa vavo muchipatara paLima, vakandiudza maererano nechinhano chavo. Ndokupinda, ndokuvatarisa imomo. Vakati, “Asi pane zvisinganzwisisike pavari.” Ndokuti, “Va—vatanga kushanduka kuva zviri nani, naeleven o'clock.” Saka, zvino ndaka... Ishe vakanga varatidza vanhu ava zvinhu zvakawanda, vanoziva kuti handina kungozvitura. Nokuti, vakazvitura kwandiri kutanga, “Vatanga kushanduka.” Vaiziva kuti ndaivataurira chokwadi.

<sup>24</sup> Nokudaro, musi weSvondo wapfuura, pandakanga ndiri kupinda muBlue Boar Cafeteria muLouisville, uko kwandinofunga kuti zvikamu makumi masere kubva muzana zveungano ino vanoungana Svondo masikati, vachidya, ko ndiani wandakaona achiuya achidzika nomugwaga? Ndinokutaurirai, moyo wangu wakabvunda pandakaona Hama Dauch vedu vachiuya vachidzika nomugwagwa, chaizvo zvaAkanditaurira. Ndakavagwina chishanu, mumu—mumugwagwa.

<sup>25</sup> Zvadaro nda—ndakadzoka pano pausiku hwemusi weSvondo yapfuura ndokutaura nezvechidzidzo chekubatana, chokuti *Kubatana KweChiratidzo CheNguva*. Saka... Zvino izvozvo zvakaita kuti izvozvo zvizadzikiswe, chaizvo zvaAkanga ataura. Uye hevanoi vagere muchechi nhasi, chaipo pano patiri, sekورونا yenyasha dzaMwari. Pandakavakwazisa neruwoko vari mutende, mutende remweya wokufema mavakanga vari,

ndakati, “Hama Dauch, muchaita zvakanaka. Ndichakuonai mukereke zvakare. Iyi, iZVANZI NAJEHOVHA.” Maona? Ava vagere pano muchechi, ipo pano zvino, Hama Dauch.

<sup>26</sup> Kana ndisiri kukanganisa, mushumiri wandanga ndiri kutaura nezvake, munguva shoma yapfuura, apo Mweya Mutsvene wauya ndokuzarura zvinhu zvose izvi; ndokumuudza maitikiro azvakaita, ndokumuudza zvaakaita; maitikiro azvakaita, kuti zvakaitika sei, zvose zvanga zviru kuitika kubvira ipapo, kusvikira pahunhu hwemhuri yake, nezvose zvazvo. Uye ndokumuudza, kuti, “Zvapera.” Zvino mushumiri wacho agere necheapo, kurudyi. Mungasimudza ruwoko rwenyu here, changamire? Hoyu, iye nemudzimai wake, chaizvo, iye zvino.

Hevano! Hama Dauch vagere pano, ipo pano zvino. O, ini zvangu!

<sup>27</sup> HaAshamise here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Zvinhu izvo zvakambovapo, zviripo, uye zvichazovapo.” Zvapupu chokutanga, chechipiri, chechitatu. “Zvinhu zvakambovapo, izvo zvakamboita; zvinhu zviru kuitika iye zvino; nezvinhu zvichazoitika.” Uye nguva dzose, nemazvo, nemazvo paShoko. NdiMwari oga anogona kuita zvakadaro. O! Hatisi kufarisisa here nokuda kwezvinhu izvi? [“Amen.”]

<sup>28</sup> Zvino, chikonzero ndanga ndiri kutora nguva yakati rebesei, Billy atozoenda kunotora mudzimai wake nemwana. Zvino ati, “Baba, musatanga kuparidza kusvikira ndadzoka.” Saka, ndi—ndinofunga kuti adzoka zvino. Uye ndinofanirwa kuva nenguva yakawanda, zvakadaro. Uye ndiri kuedza kubva pane kukumanikidzirai kwemaawa mana ayo andinokuisai pasi pawo pano, ndozviita mumaminitsi makumi matatu nemashanu, makumi mana, munooona, uye nokuedza kuzvichengeta.

<sup>29</sup> Zvino, ndakamborumbidzwa pane imwe nguva muChicago. Ndakasvika maminitisi makumi matatu, kanawo zvimwe, maminitisi makumi matatu nemashanu. Uye usiku hweSvondo yapfuura yaingova maminitisi makumi mana nemashanu. Billy akati, “Muri kuwedzera pakuita zvakanaka, baba. Ndinodada nemi, nokuda kweizvo.”

<sup>30</sup> Saka, zvichida, mangwanani ano, kuzviita zvemhando yeSunday school duku, handikuchengetei kwenguva yakarebesa. Zvino munogona kuzobuda kunze mova nokudya kwenyu kwamasikati, nokunamata, mozodzoka manheru kushumiro dzokunamatira vanorwara. Tichagadzira mutsara wokunamatira manheru ano uye tonamatira vanorwara.

<sup>31</sup> Zvino, kana paine vanhu vamunoziva munharaunda, kwese-kwese, vari kurwara uye vachida kunamatirwa, vaunzei pano manheru. Maona? Kana muchizovaunza, neipi nzira zvayo, vaunzei pano. Maona? Ndicho chinhu chine basa, iko, kuvaunza pano nhasi manheru. Tose tinosangana pamwe chete. Nenzira iyoyo... Zvakaoma kuita

zvokushanyira vanhu, uchienda pano neapo; zvino unosiya mumwe munhu, zvararo haazonzwa zvakanaka kwauri. Asi kana ndikagona kuvaunza vose panzvimbo imwe chete, zvararo ndinogona kuvanamatira. Zvino, kana mukakwanisa. . . Kana vanhu vachida kunamatirwa, ivo. . . Unoti, “Vachadaro?” O, zvirokwazvo. Vachanamatirwa. Vaunzei muno mukati. Ishe vachitendera, tichange tiri pano, tigonamatira munhu wose. Nokuti, ndinonzwa kuti kudhonza kuya kwechitatu kwave kutanga kufamba, munoono, ma—mandiri. Uye ndi—ndi—ndinoda kunamatira munhu wese.

<sup>32</sup> Iye zvino ngatizarurei, mangwanani ano kuGwaro rinozivikanwa iro randakaita sokuwana zvechimbichimbi nezuro manheru, ndakanyatsozara nehope, zvino ndokunyora mamwe Magwaro anoenderana naro. Uye ndichitora sezvinoenderana. Ndakanzwa imwe hama, kamwe, vachishandisa gwaro iri. Uye ndakafunga. . . Ndakarinyora pasi. Ndakafunga, “Saka, ndinotenda ndicharinyora pasi, nokuti rinogona kuzondibatsira.”

Kakawanda tinozviita. Ndiri kucherechedza, vakawanda venyu pano, vanga vaine chimedu chepepa. Uye mushumiri anogona kunge achitaura zvimwe zvinhu, zvino zvararo uno—unosvika pane chimwe chinhanu, chimwe chinhu chinokurova. Zvino kana ari Mweya Mutsvene ari kuzviita, zvino unotanga kuumba kubva panyaya iyoyo ipapo, mharidzo yaShe. Uye zvakanaka. Ndakacherechedza mumisangano, kwese kwaunoenda, vaparidzi nevanhu vachinyora pasi. Zvakanaka. Ti—tiri pano, ndizvo zvatavinga pano, kuti tiedze kubatsirana mumwe nomumwe munzira idzi.

<sup>33</sup> Zvino ngatizarurei kuna Zvakazarurwa, chitsauko 3, pamazera ekereke, kudzorora zera rekereke. Asi zvino tave. . . isu. . . uko. Hongu. Ndinokwanisa kutora gwaro rimwe chete iri, uye neMweya Mutsvene, ndoparidza nezvaRo kwezana remakore uye ndisina kana kumbobuditsa zviri maRiri. Nokuti, mugwaro rimwe chete iri, semamwe magwaro ose ari muBhaibheri, Akabatana pamwe chete.

Zvino ndinoda kutora chidzidzo changu, mangwanani ano, chokuti: *Ko Ndingakundewo Sei?* Zvino, ndasarudza izvi nokuda kwekuti ndinofunga kuti inguva yokuti hatifanire kurega Mweya werumutsiriro uchifa. Tinofanira kuramba tiri murumutsiriro, kuramba tichimutsiridzwa, mazuva ose. Pauro akataura kuti aitofanira “kufa mazuva ose, kuitira kuti Kristu agokwanisa kurarama.” Uye hatifanire kurega rumutsiriro urwu rwuchifa, matiri.

Zvino, Zvakazarurwa, chitsauko 3, kutangira pandima 21, tinoverenga izvi.

*Unokunda ndichamupa chinhu ichi kuti agare neni  
muchigaro changu choushe, seniwo. . . ndakunda,*



*ndikagara pamwe chete naBaba vangu muchigaro chavo choushe.*

*Une nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke.*

<sup>34</sup> Macherechedza here hu—hurongwa hwazvo? Maona? “Kugara neNi muchigaro chaNgu,” kwete “pachigaro chaNgu.” “Muchigaro chaNgu,” ndimo muhumambo hwake. Maona? Zvino ipapo, sezvo—sezvo Kristu ndiye Mutongi, Mutongi ari pachigaro panguva iyi, yehuzaro wehumambo hwaMwari, nokudaro Kereke ichange iri pamwe naYe, Mwenga uchange uri pamwe naYe, muchigaro chaKe, muhumambo hwese. Maona? Kwete “pachigaro chaNgu,” asi “muchigaro chaNgu,” munoono, kunosvika humambo hwake. Chigaro choushe chiri pamusoro pehumambo, uye—uye hushe hunosvika kunongori nemiganhu yahwo. Uye uhu hunobva kuna Ziendanakuenda kusvika kuna Ziendanakuenda. Chingozvifungai!

<sup>35</sup> Zvino, patiri kunzvera izvi, chinangwa changu cheizvi hakusi kungouya pano kuti—kuti ndiwadzane nemi imi vanhu. Zviri, zvandinoda kuiita. Asi dai—dai ndiine mukana wekuzviita, ndaiuya kumba kwako, ndokugwinha chishanu ndotaura newe, ndogara pasi, ndodya kudya kwamadekwana pamwe chete newe; uye ndogara pasi, pasi pemumvuri wemuti, zvino ndotaura nekuyanana kwekanguva.

Asi kana tichinge tauya pano, tiri pano nokuda kwechinangwa chimwe chete. Ino imba yokugadziriswa. Chino chigaro choushe. Chino chigaro choushe chaMwari, uye kutonga kunobva nemuimba yaMwari. Zvino pano ndipo patinouya pamwe chete, toungana murudo, pamwe chete, sezvo Makristu chete ndiwo anokwanisa kuratidza rudo. Asi, imo muno, tiri—tiri pasi pe—pe—pe—pehutungamiriri hweMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene uri pakati pedu. Uye tiri pano kuti... kuti tizvinzvere pakati pedu, kuti tione patiri kukanganisa, kukundika kwedu, uye kuti tingasvika sei tichibva patinofanira kuva, kusvikira patinofanira kuva zvino; apo patiri, neapo patinofanira kuva. Uye ndizvo zvatinonzvera. Vashumiri vanonzvera nzvimbo idzodzo, pavanhu vavo. Kana vachinge vaona vanhu, pavanoperevera, ndipo pavanotangira.

<sup>36</sup> Zvino, munguva shomanana, ndinofunga kuti kereke pamwe inofanira kunge yave kutora nhano duku yepamusoro panguva ino. Handironge kuzviita mangwanani ano, zvekuratidza zvinhu izvi. Asi ndi—ndinofunga, nenguva isipi, Ishe vachitendera, tisati taparidza pamusoro peHwamanda dziya, ndinoda ku—ku—kuunzira Kereke chimwewo chinhu icho—icho chamunofanira kuziva, ndinotenda, zvino.

<sup>37</sup> Uye zvino tiri kutaura pamusoro peizvi, “kukunda.” Inzwi rokuti *kukunda*, zviri pachena, munoziva zvarinoreva. Unofanira kuva nechimwe chinhu chaunokunda. Uye zera iri reKereke iro Mweya Mutsvene uri kutaura nezvaro pano,

paZera reKereke yeRaodhikia, sezvo tichangobva mukupfuura nemariri, raida kutsiurwa. Raodhikia yaifanirwa kutsiurwa, nokuda kwe—kwekushaya hanya kwayo kuna Kristu. Yakanga yaisa Kristu kunze, mu—muzera ravo. Uye Kristu akanga ari kunze, ari kuedza kudzokera mukati. Ndirwo rudo. Mushure mokunge Aiswa panze peimba yaKe pachaKe, anga ari kuedza kudzokera mukati, uye ndokuti, “Uyo anozarura mukova, Ndichauya kwaari.” Maona? Kereke, pachayo, yose, yakanga yaMuisa panze.

<sup>38</sup> Asi zvino cherechedzai. Kudana kwake pano hakusi kukereke bedzi. “Uyo anokunda.” Maona? Kwete kereke; anenge ari mudzimai, munoono, mutumbi wekereke. Asi nde “uyo anokunda,” dungamunhu anokunda, zvino.

<sup>39</sup> Uye Raodhikia yakava nazvo zvichiuya kwairi. Iye zvino tinoona, zvarado, tichiziva kuti rino ndiro Zera reRaodhikia, uye nokuziva kuti zera rino rinoda kutsiurwa kwakasimba kunobva kuna Mwari. Rinoda kutsiurwa kwakasimba. Zvino kana vashumiri vedu vave zinyekenyeke vasina hanya, sevamwe sekuru vakwegura zvavanoita kuvazukuru vavo, chingavei chavanoita chakanaka. Uye vave . . .

<sup>40</sup> Zvataurwa kakawanda, kuti Mwari ndiMwari vakanaka zvikuru, kusvikira vanoedza kutora Mwari sezisekuru risina hanya. Muri kuona? Asi haAsi. NdiBaba, uye Baba vokururama, vekugadzirisa. Uye rudo nguva dzose rwunogadzirisa. Maona? Rudo rwunogadzirisa. Zvisinei kuti zvinorwadza zvakadini, rwunogadzirisa zvakadaro.

Amai chaivo vanogadzirisa vana vavo. Baba chaivo vanogadzirisa. Maona? Kana ukangova zinyekenyeke usina hanya, uye ugozvirega . . .

<sup>41</sup> Ndakanga ndiri kudarika rimwewo danda rimwe zuva, zasi mu—mumugero, kana kuti zvinonzi hova. Zvino ndakasvetukira padanda iri. Kunze kwaro, rairatidzika zvakanaka, raiita sokunge zidanda rakare romuti wemubeech. Asi pandakasvetukira pariri, o, chimedu charo chikuru chakawa. Rakanga rakanyatsoora riri mvuchemvuche. Ndikati, “Ndizvo zvave kuita Makristu.” Vanga vakafa muzvivi nokudarika, kwenguva refu, kusvikira vave zinyekenyeke. Havachagona kuva nehuremu, zvachose. Ivo—ivo havachaziva kuti kukunda zvinorevei. Zvino ndakatanga kufunga pamusoro pechidzidzo chino, zvino. Kukunda, kuchengeta Upenyu mauri. Upenyu pahwakabuda, ndizvo zvakasvitsa danda iri muchinhano ichochi. Maona? Uye zvakatoriita kuti ritowedzera kuipa parakarara muhova yaiva nemvura.

<sup>42</sup> Uyezve, ipapo, ukatora Mukristu, anofanira kuva Mukristu, worega Upenyu hwaMwari huchibva maari, pamwe nechiiitiko, nomufaro wekushumira Kristu; uye, uchigara mukereke

munoitika zvakadaro, anowora nokukasika zvapaketwa kaviri, ndizvo, achirarama ari pasi pazvo.

<sup>43</sup> Saka, kana tiri kuedza kutevera Mharidzo yenguva, kanawo hacho chikamu chino cheMharidzo, tinofanira kugara nguva dzose muUpenyu hwaKristu. Maona? Nokuti, rikasadaro, wongorarapo, uye ugoziva Izvi, zvinhu izvi zvauroi kufanira kuita, zvino worega kuzviita. Bhaibheri rakati, “Uyo anoziva kuita zvakanaka, zvino orega kuzviita, kwaari chivi.” Zvino unobva wava zinyekenyeke, wakawora, kana wakapatsanurwa kubva paUpenyu hwaMwari. Nokudaro, shingaira nezvose zviri mauri, kugara muUpenyu hwaKristu, kuti ugobereka michero.

<sup>44</sup> Tinoona zera rino ratiri kugara mariri. Ndiro remamwe mazera akanakisisa kudarika mamwe mazera ose. Rino Zera reKereke yeRaodhikia ndiro rakanakisisa pane mazera ose ekereke, nokuti kumagumo enguva nokupinda kweZiendanakuenda. Uye, zvadaro, ndiro zera gurusu rine chivi. Mune chivi chakawanda muzera rino kudarika chakambovapo. Uye masimba aSatani aka—akawoma kuarwisa zvapaketwa kakawanda kudarika zvazvaiva mune ripi zvaro zera. Maona? Pano!

<sup>45</sup> Kareko mumazera okutanga, Mukristu aikwanisa, nokuda kwekupupura kwake kwekuva kereke...kwekuva waKristu, aigona kuzvidimburirwa musoro izvozvo. Aigona kuuraiwa, oburitswa kubva mukusuwa kwake, zvino oenda kunosangana naMwari, nokukasika.

Asi iye zvino muvengi apinda, nemuzita rekereke, uye zvinonyengera zvikuru. Rino ndiro zera guru rokunyengera. Apo, Kristu akati, “Mweya miviri ichange iri pedyo nepedyo mumazuva okupedzisira kusvikira zvaitonyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.” Maona? Maona? Maona? Rangarirai, Kristu akataura pamusoro pevanhu vakasanangurwa vemuzuva rokupedzisira. Maona? “Zvaitonyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.” Pedyo-pedyo! Vanhu vanorarama, hutsvene; vasingaite zvivi, mhombwe, nezvidhakwa, nevanyepi, vatambi venjuga. Vanogona kurarama pamusoro peizvozvi, asi zvakadaro vasinaHo. Ndizvozvo.

<sup>46</sup> Rino ndiro ze—zera reUpenyu, Upenyu chaihwo hwaKristu, apo, zvi—zvinhu zvakaumba Mutumbi waKe, izvo zvaiva maAri.

Kutanga, pasi pokururamiswa, rubhabhatidzo rwemvura. Kechipiri, pasi poKuberekwa patsva, kwaHwisiri, kucheneswa, kunochenesa. Uye kechitatu, pasi parubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuisa pabasa mudziyo uya wacheneswa. Maona? Inzwi rokuti *kucheneswa* rinoreva, inzwi rechiGiriki rinoreva zvapaketwa kaviri kuti “kucheneswa nokutsaurirwa kuzoita basa,” kutsaurirwa kuzoita basa. Zvino Mweya Mutsvene unoushandisa. Maona?

<sup>47</sup> Uye tinocherechedza, “Kana mweya wetsvina uchinge wabva pamunhu, unofamba munzvimbo dzakaoma.” Ndzivo chaizvo zvaitwa nekereke, Baptisti, maMethodisti, avo vanotenda mukucheneswa. “Zvadarwo,” Jesu akati, “mweya wetsvina wakabuda, unodzoka kumutumbi uyu wekereke wowana imba yakashongedzwa, yakatsvairwa zvachena, ichirarama upenyu hwakachena, hwakarurama.” Zvakanaka. “Asi zvino kana imba iyi isina kuzadzwa, pasina ari kugaramo, zvadarwo unouya nemamwe madhimoni akaipa manomwe akashata kudarika iye, zvino chinhano chekuguma chenzvimbo iyi chinenge chashata zvapaketwa kanomwe kudarika zvayaive pakutanga.” Zvaive nani dai vakaramba vari maRutherani, kudarika zvazvaizova kugamuchira Chiedza chiya wotadza kuChitevera. Saizvozvowo maPentecosta, munooona, munoziva zvandiri kureva, imba yakashongedzwa.

<sup>48</sup> Pandakanga ndiri kutaura nemumwe munhu, nerimwe zuva, akati, “Vakachenjerera zvikuru, kunyangwe mapoka mazhinji ehutsvene, kusadana Mweya Unoyera, ‘Mweya Unoyera,’ nokuti vanozvibanidza nemaPentecosta pavanodarwo. Vanoti, ‘Mweya Mutsvene,’ munooona, kuitira kuti vasati, ‘Mweya Unoyera.’” Nokuti, maPentecosta, vanhuwo zvavo, vanongoUdana sezvinotaura Bhaibheri, “Mweya Unoyera.” Iwo, Mweya Mutsvene neMweya Unoyera chinhu chimwe chete. Asi vakazvichenjerera kwazvo. Havadi kubatanidzwa nevanhu vanotaura nendimi; uye ndiwo Mweya Unoyera, pachaWo. Maona?

Chii chakaitika zvino? Kana muvengi, akaenda ari pasi pokucheneswa, akanga ashambwa kwazvo, akadzoka ndokuwana imba isina kuzadzwa neMweya Mutsvene, zvino chinhano chekereke inobatana ne—nemubatanidzwa wemakereke, neWorld Council Of Churches. Zvino ichi chinhano zvino chinobatanidza neRoma Katorike nezvimwe zvose zvayo, uye zvino yaipa zvapaketwa kanomwe kudarika zvayaiva payakabuda muchiLutherani. Ndiko kwainoendeswa nevanhu.

<sup>49</sup> Uye zvino tarisai Zera reKereke yeRaodhikia mushure mokugamuchira Mweya Mutsvene, uye nezivo neMweya waMwari uri mukati maIri, zvino iri kuramba mabasa aMwari, ichiUti “basa rakaipa.” Ko toti kudini nezvazvo? Ndipo apo Kristu anoiswa kunze kwekereke yaKe pachaKe. Maona? Iye. . . Hazvina kumboMuratidza ari mukereke kusvikira zvasvika kuRaodhikia; zvino paAkasvika paRaodhikia, Akanga aiswa kunze kwekereke yaKe, ari kuedza kudzokera mukati.

<sup>50</sup> Zvino, onai, kururamiswa hakuna kumboMuisa mukati. Kucheneswa kwakangoMuchenesera nzvimbo. Asi pakauya ruBhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rwakaMuisa muvanhu. Zvino vakaMuisa panze, paAkatanga kuZviratidza, kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. VakaMuisa panze nokuti vave sangano, uye iwo—iwo Mweya waMwari

hauwirirane nesangano ravo. Manzwisisa zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kuti, vakaMuisa kunze. “Hatidi kuwana chatinoita nezvekuverenga pfungwa izvi. Nde—ndezvadhiyabhorosi. Kuvuka. Kana . . .” Maona?

Havanzwisise. “Meso, uye havaone; nzeve, uye havanzwe.” Maona? Mwari vanongozarura meso sokuda kwaVo. “Vanoomesa uyo waVanoomesa, waVanoda kudaro, uye—uye—uye nokupa Upenyu kune avo vaAnoshuvira.” Ndizvo zvakataurwa neGwaro.

<sup>51</sup> Zvino, tinoona nguva dzino dzatiri madziri, chinhano chino, uye tinoona zvazvaimbove. Uye Mweya Mutsvene uri kutsiura zera rakaMuisa panze. Asi, mune zvose izvozvo, makacherechedza here, “Kune uyo anokunda”? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kunyange muzera rezvenyika, rakashata, “Uyo anokunda.”

<sup>52</sup> Tinoona pano kuti Mwari agara aine vakundi. Aiva nevakundi muzera roga-roga. Panongogara, nguva dzose, muzera rose rakambova panyika, Mwari vaigara nguva dzose vaine mumwe munhu waVaiisa maoko aVo paari, sechapupu panyika. Havana kumbogara vasina chapupu, kunyangwe hazvo dzimwe nguva angori mumwe chete. Asi mumwe munhu akakunda, zvino, sevatsvene vakare.

<sup>53</sup> Zvino mumwe mu—murume akanaka zvikuru, mudzidzi, aiti, mushure me*Zvisimbiso Zvinomwe*, akati, “Hama Branham, imi muri mu—munyori, munhu anofananidza, waro,” akati, “ko muchazviita sei kuisa Kereke muKubvutwa pasina nguva Yekutambudzwa, mumufananidzo?” Akati . . .

Munoona, kana uri mufananidzo, panofanira kunge paine . . . panofanira . . . Kana paine chiri kufananidzirwa, panofanira kuve nemufananidzo wechinhu chacho paunobva. Uye chose chandinotaura, chechokwadi, chine mufananidzo. Chine mufananidzo. Une mumvuri. Uye Bhaibheri rakati, “Zvinhu zvakare zvaiva mumvuri wezvinhu zvitsva zvaizouya.”

Akati, “Asi zvino makatora Testamende Yakare semumvuri. Zvino,” akati, “muchaita seiko neKereke iyi?”

<sup>54</sup> Murume uyu anobva kune . . . Munhu mukuru, mudzidzisi mukuru ari shamwari yangu yepedyo, murume akanaka zvikuru, uye ihama yakaisvonaka. Ha—handingambotaura shoko rimwe rakaipa pamusoro pehama iyi. Handingambodaro, zvachose. Se—se . . . SeMukristu, handingatauri chakaipa pamusoro pake. Iye—iye—iye haawirirane neni panyaya iyoyi, asi i—ihama yangu yakakosha. Tinodya pamwe chete. Uye, o, muchinda akaisvonaka. Ndinotora magazini rake, ndoverenga zvaanonyora. Uye iye anonyorawo nezvimwe zvangu, nezvakadaro. Uye ndakatora zvidzidzo zvakawanda kubva mune zva—zvandakaverenga—zvandakaverenga muzvinyorwa zvake, kumunzwa achitaura. Munhu mukuru, asi ha—haangokwanisi

kuwirirana neni. Ndinozvikoshesa izvozvo, zvekuperera kwake. Kunyangwe asingangori, mumwe waana sukunasai, anongowirirana nezvose zvaunotaura. Iye ane maonero ake, uye anomira nawo. Ndinozvikoshesa. Uye iye munhu wakanaka. O, ha—handisi mudzidzisi kana mudzidzi, zvachose, asi murume uyu ari zvose mudzidzisi nemudzidzi.

<sup>55</sup> Asi ha—handigone kuwirirana naye, nokuti handizvioni. Asi, hazvinei neruponeso, ndezveKuuya kwaShe. Anona kuti Kereke inofanira kupfuura nemunguva yeMatambudziko, kuti icheneswe. Ndinoti Ropa raJesu Kristu rakachenesa Kereke. Maona? Haidi. . .

Ndinotenda kuti kereke inopfuura nemunguva yeMatambudziko, kereke yesangano, asi Mwenga haudaro. Ungasarudze here mudzimai waunochenesa usati wamuroora? Maona? Mwenga waKristu wakasarudzwa, uye AkaSanangurwa. Uye Iye Mwenga waMwari, Mwenga waJesu Kristu.

<sup>56</sup> Uye zvino akati, “Uchazvifananidza sei izvozvo, kana Mwenga uyu ukaenda, ukakwira Usati wapfuura nemunguva yeMatambudziko?” Ndokuti, “Ndine Gwaro rinokuratidza kuti Kereke iri munguva yeMatambudziko.”

Ini ndikati, “Ingoverenga Chisimbiso cheChitanhatu, ndizvo zvoga, ndimo mairi zvachose pasi penguva yeMatambudziko. Asi ona kuti, izvi zvisati zvaitika, Mwenga unenge waenda. Maona? Anenge ari Mukubwinya panguva iyoyo. Haana kucheneswa.” Maona?

“Uyo anotenda maNdiri ane Hupenyu husingaperi, uye haazovika pakupomerwa kana kutongwa, asi apfuura kubva murufu achipinda muHupenyu.” Kristu akapa vimbiso yokuti hatitozombomiri muKutongwa. Pasina mubhadharo Akatora nzvimbo yangu, kusvikira ndakasununguka zvachose. Kana ndaregererwa, ndaregererwa. Ko anganditora sei kubva muchitoro chemukambo, owana risiti kwayo, kana. . . Ko Angagova Mudzikinuri wangu sei, onditora kubva muchitoro chemukambo, zvino mutengesesi oramba achiti ndichiri wake? Ndine risiti yakanyorwa, ameni, munoona, yakanyorwa neRopa raJesu Kristu. Maona? Zvino, imomo, ndipo patinouya.

Akati, “Zvino, ko uchazviita sei, kupatsanura Mwenga uyu Wakasanangurwa wauri kutaura nezvawo zvino, ko uchaUisa papi mumufananidzo?”

<sup>57</sup> Ndikati, “Zvakanaka chaizvo.” Ndokuti, “Hezvinoi izvi. Zvino, muna Mateo, chitsauko 27 uye ndima 51.” Kana isu. . .

Regai ndingoiverenga, uye zvino ti—tinozvibata zvakanaka. Zvino tinozoono kana zvakananidzirwa kana kuti kwete, kana uri Mwenga Wakasanangurwa. Mateo, chitsauko 27 uye pa—uye pandima 51. Zvakanaka. Tinoverenga izvi, pakurovererwa kwaIshe wedu.

*Ipapo, tarira, chidzitiro chetembere chakabvaruka  
napakati kubva kumusoro kusvikira pasi; . . .*

<sup>58</sup> Zvino, uyu waiva murairo. Murairo wakaperera ipapo. Nokuti, chidzitiro chaichengeta ungoro kubva kuzvinhu zvitsvene zvaMwari. Muprisita akazodzwa oga ndiye aipinda imomo, uye, ipapo, kamwe pagore. Munorangarira? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, Mwari, neruwoko rwaKe pachaKe, cherechedzai, “kubva kumusoro kusvikira pasi,” kwete kubva pasi zvichikwira kumusoro. Pakareba kuenda mudenga mafiti makumi mana. Cherechedzai, kwete kubva pasi zvichikwira kumusoro, asi “kubva kumusoro kusvikira pasi,” kuratidza kuti zvakaitwa naMwari. Akabvarura chidzitiro nepakati, uye kunyange, ani zvake, uyo anoda, anokwanisa kuuya kuzowana hutsvene hwaKe. Maona? Zvakanaka.

*. . . kubva kumusoro kusvikira pasi; nyika  
ikadengenyeke, mabwe akatsemuka;*

*Mabwiro akazaruka; nemitumbi mizhinji yavatsvene  
vakanga vavete vakamutswa,*

*Vakabuda pamabwiro iye amuka, . . . vakapinda  
muguta dzvene, vakaonekwa nevazhinji.*

<sup>59</sup> Havo avo Vasanangurwa, Mwenga. Haisi kereke yose yechiJudha yakamuka panguva iyi. Vose vaipira zvipiriso zvimwe chete. Vose vakanga vari pasi peropa rakadeurwa regwayana. Asi paiva neBoka rakasanangurwa; uye Boka rakasanangurwa iri, pakangoitika chiitiko ichi, vainyatsotenda maZviri nokuperera. Zvino ndave kuuya kushoko rokuti *kukunda*. Zvino ribatei. Ava vakanga vanyatsokunda, mukuperera vachipirisa zvimwe chete sezvaitwa nevamwe vose, asi, mukuperera, vakakunda zvinhu zvenyika. Apo vakaitirwa yananiso nemazvo, vaive muparadhiso kusvikira pamutambo uyu panguva iyoyi. Zvino nguva iyi payakasvika, vakanga vakunda vakazorora, vavete; munoono, “mitumbi mizhinji yeavo vaive vavete muguruva,” munoono, vavete.

<sup>60</sup> Zvino, dai tanga tiine nguva, taigona kudzokera kuna Dhanieri, apo, Dhanieri, musanangurwa uyu akanga akunda. Zvino Akati, “Zarira Bhuku, Dhanieri, nokuti uchazorora mumugove wako. Asi kana Muchinda achinge auya, achange akamirira vanhu, uchamira mumugove uyu.” Hezvinoi izvi. Dhanieri, muporofita uyu waMwari, akaona nguva yokuguma ichiuya. Zvino Akati, “Dhanieri, uchamira mumugove wako nezuva iroro.” Zvino heunoi uyu, akamuka; kwete Israeri yose, asi mufananidzo weMwenga weIsraeri. Zvino, vamwe vose veIsraeri havamuki kusvikira parumuko rwemunhu wose.

<sup>61</sup> Uye zvino, paKuuya kwaIshe Jesu Kristu, avo vari kunyatsoda Kuuya kwaKe, vari kukuraramira; paAchaonekwa muchadenga, Kereke yakafa muna Kristu ichamuka, uye ivava vachashandurwa kamwe-kamwe. Vamwe vose hapana

chavanozoviva nezvazvo. Rangarirai, “Vakaonekwa nevaiva muguta.” Maona? Ku—Ku—Kubvutwa kuchange kwakadaro. Tichaonana, uye tichavaona. Vamwe vose vari munyika havavaoni. Ichabvutwa sekuenda muchivande. Takamirira nguva iyi!

Kudzokera panyika kuMireniyamu inobwinya, zvino kwechiuru chemakore. . . “Vamwe vose vakafa havana kurarama kwechiuru chemakore.”

<sup>62</sup> Uye zvino kunozouya rumuko rwevanhu vose, ipapo, Israeri yose. Uyezve, tarirai uko, vaapostori gumi nevaviri, madzitateguru gumi nevaviri, vose vakamiririrwa. Uye hatisati tatombosvika kune izvozvvo. Pamwe, Ishe vachida, tichasvika kwazviri muTestamende, kuti ayo madziro ejaspisi, nemabwe gumi nemaviri, masuwo gumi nemaviri, nheyo gumi nembiri, zvose izvozwi zvakamiririrwa. Hevano! vari pazvigarwo zvoushe gumi nezviviri, ngirozi-vatumwa vemazuva iwayo, kupa mutongo kune avo vakaramba mharidzo yavo. Amen! Ndipo panouya nguva iya huru. Hongu.

<sup>63</sup> Izuva rakadini, inguva yakadini yatiri kurarama mairi! Zvokuti tinofanira kuzvinzvera, Kereke. Zvino tinotaura pamusoro pezvinhu izvi zviri kuuya, zvichauya. Zvino, nhasi, ngatidzokei kuno uye tione, tozvinzvera kuti tigoona kana tiri chaimo muKutenda.

<sup>64</sup> Zvino ngatitaurei nezvevakundi vashoma kwemaminitsi mashoma, mumazuva enguva yaNowa, yakafananidzirwa naJesu Kristu, kunge yakafanana nezuva rino.

Ndinofanira kunge ndine maminitisi gumi. Zvino ndichatora hafu yeawa. Ndiri kungotanga, papeji rokutanga. Ndichachirika mamwe awo mashoma, ndikakwanisa. Uye ndotoro. . .

<sup>65</sup> Munguva yaNowa, mufananidzo wanhasi: Jesu akataura nezvawo, uye ndokuti, “Sezvazvaiva munguva yaNowa, ndizvo zvazvichave paKuuya kweMwanakomana wemunhu. Munguva yaNowa, ndizvo zvazvichave paKuuya kweMwanakomana wemunhu.” Cherechedzai, paivapo nenyika yose iya yepakutanga isati yaparadzwa nemvura, zvichida paine mamiriyoni evanhu, paiva nevakundi vasere. Vanhu vasere ndivo vakakunda, vaive chaivo, vakundi vechokwadi. Paiva nevanakomana vaNowa vatatu nemadzimai avo, naNowa nemudzimai wake. Vasere vakakunda, vakapinda muareka panguva yakafanira. Vakazviita sei? Vakaterera Shoko raMwari. Havana kuwanikwa vari kunze kwemukova. Vakawanikwa vari mukati memukova.

<sup>66</sup> O, shamwari dzangu dzinodikanwa, musarega mukova uyu uchivharwa. Jesu akati, “Sezvazvaiva nezuva iroro, ndizvo zvazvichave paKuuya kweMwanakomana wemunhu.” (Mazvita, hama.) “Ndizvo zvazvichave paKuuya kweMwanakomana



wemunhu.” Zvino, pane mumwe munhu achawanikwa ari kunze kwemukova.

Vazhinji vavo vaigona kunge vaiva nezvinangwa zvakanaka, uye, “Rimwe zuva, kana zvinhu zvakadaro zvikaitika, tichapinda pamwe chete naHama Nowa, nokuti munhu wakanaka.” Asi, munoono, zvakawana vasere voga vari mukati.

<sup>67</sup> Zvino, fungisisa zvino. Kana wakangorarawo, wave kuva zinyekenyeke, pinda mukati. Chimbidza, kasika, nokuti mukova unogona kupfigwa nenguva isipi.

<sup>68</sup> Uye pakagara paine areka muhurongwa hwaMwari. Paiva neareka mumazuva aNowa, yekuponesa vanhu vaKe. Paiva neareka mumazuva emurairo, areka yechipupuro. Mumazuva emurairo, vaitevera areka.

Zvino pane mwaka wechitatu zvino; senguva yaNowa, nguva yaRoti, uye zvino nguva ino. Pane areka zvino. Uye areka iyi haisi sanganano, kana mabasa akanaka aunoita. Ndeyokuti “neMweya mumwe chete,” VaRoma 8:1, “tose takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete, muhushe hweHumambo uhu, rubhabhatidzo rumwe rweMweya.” Zvisinei kuti wakanaka sei, wakaipa sei, chingavei, uri muHumambo uhu ne ne—nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Maona? Ndiyo nzira yoga yaunokunda nayo. Ndeavo vose vari pasi peRopa rakadeurwa vari vakundi, nokuti haukwanise kukunda, pachako. Iye ndiye akatokukundira. Iwe wakazorora.

<sup>69</sup> “Ko ndichaziva sei, Hama Branham, kuti ini ndirimo iMomo?” Tarisa mhando yeupenyu hwaUri kurarama. Ingotarisa zvose. Ona kana zviri kungoraramika nemaUri, zvega. Kana kuti, uotomanikidzira here nokukakata, munoono, zvadaro ndiwe uri kuzviita. Asi usaedza kuzviita. Wakamboedza here? Hongu. Usadaro.

<sup>70</sup> Zvakangofanana nokuisa ruwoko ruduku rwemwana muburi reruwoko rwenguwo, munoono. Anongokwidza, nokudzika, nepamusoro, nezvimwe zvose. Maona? Haakwanise kuzviita. “Pfeka jasi rako, mudiwa.” Haakwanise kuzviita. Ruwoko ruduku ruri mudenga, pasi, kutenderera. Zvinotora ruwoko rwako rwakadzikama.

O, kufara kwandinako, ndinokwanisa kungopa ruwoko rwangu kuna Baba, ndoti, “Ishe Jesu, ndiri kutadza kupinda Umo. Imi ndibatsirei. Isai jasi pandiri.” Ndorega zvokuedza. NdongoMurega achizviita. Maona?

<sup>71</sup> Kana mwana muduku akaramba achiedza, “O, ndinogona kuzviita. Ndinogona kuzviita.” Zvino anenge ari kwese-kwese. Haakwanise kuzviita.

Kana newewo haukwanise, kana neniwo handikwanise, asi kana tikangoramba takamira zvino toMurega achizviita. Ingozvipira kwaAri, “Pano, Ishe, ndiri pano. Chingo—chingoitai

kuti ndisave chinhu. Nda—ndazvipira. Imi chiisai ruwoko rwangu munzvimbo chaiyo.” Ndiko kukunda. Ndiko kukunda.

<sup>72</sup> Chinhu chaunofanira kukunda ndiwe pachako, pfungwa yako, chinhu chako, wozvipira kwaAri. Akakukundira. Anoziva nzira; hatizive.

<sup>73</sup> Asi munguva yaNowa kwaiva nevakakunda vasere, uye ndivo vakapindamo. Vakawanikwa vari mukati.

Zvino tarisai, shamwari. Ndinotenda kuti vari kutepa izvi. Zvino kana zviripaterevhizheni, kana kwete tere-... ndiregerereiwu, tepi. Zvose zvaungaita, uyo ari kuteerera, kana uyo achazoterera shure kwazvino, nguva yapera zvikuru, uye une chinangwa chakanaka, asi wanikwa uri mukati. Zvino, usarwisa. “Kwete uyo anoda, kana uyo anomhanya, asi Mwari.” Ingorega Mwari. Ingozvipira kwaAri wofambira mberi, uine kutenda kwakakwana, kwakagutsikana, kuti, “Izvo Mwari zvaakavimbisa Anokwanisa kuzviita.” Kwete kujoinha rimwe sangano, nerimwe sangano, uchimhanyira *uku*, *uko*, kana *neuko*, uchiedza *izvi*. Ingozvipira kuna Mwari, zvino wofamba naYe, murugare, murunyararo, usingakanganiswe. Ingoramba uchifamba naYe. Ndizvozvo.

<sup>74</sup> Ndizvo zvandaudza hama yedu ichangobva muku—kukanganisika muhutano. Maona? “Ingozvipira kwaAri. Ari pano, Iye Uyo anoziva zvawakaita, uye chakakonzera muviri wako kuita *sezvizi*, nezvimwe zvose. Anoziva zvose nezvako, uye zvino Achangokuudza kumashure chaizvo zvaunofanira kuita. Zvino,” ndati, “chinhu choga chaunofanira kuita kungoenda unozviita. Zvokuti, kanganwa zvose zvakare, famba, raramira ramangwana, uri muKubwinya neHupo hwaMwari.”

Vakundi vasere.

<sup>75</sup> Mumazuva enguva yaDhanieri, paiva nevakundi vana vakagona kukunda muedzo wemoto neshumba.

Zvino, tinotarisirwa kuedzwa. Ichi chidzidzo chakanaka kwazvo kuhama yangu—yangu kumashure uko, zvakare. “Uyo anouya kuna Mwari anofanira kutanga aedzwa.” Kuedzwa (nei?) neShoko. Ndiko kuedza kwaMwari. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Uyo anouya kuna Mwari anofanira kutanga aedzwa.” Zvinongoratidza bedzi mwana wechokwadi, zvino, munoona, kuedzwa. Uye kana muedzo wauya...Haukwanise kukunda kunze kwekunge wapiwa muedzo. Zvino kana muedzo wapiwa, ndewekuona kuti unokunda here kana kuti kwete. Zvino Jesu akati, “Kune uyo anokunda,” muedzo. Muedzo ndicho chinhu chikurusa chati chamboitika kwauri. Ndinotenda kuti zvakanorwa Mugwaro, Petro akataura, kuti, “Miedzo yedu yakakosha kwatiri kudarika ndarama yakakosha.” Inguva yokuyedzwa. Chimwe chiratidzo chakanaka kwatiri kuti Mwari vanesu, patinoedzwa, nokuti vana vose vaMwari vanopiwa muedzo uye vanoedzwa.

<sup>76</sup> Zvino Dhanieri, murume, muporofita; Shadraki; Meshaki; naAbhedhinego; Dhanieri aiva muporofita; uye ndiko kukura kwaiva kwakaita Kereke yezuva iri, ndinoreva, Mwenga. Kune vakawanda mukereke, vangaita mamiriyoni maviri vavo vakaenda zasi ikoko. Asi paiva...Ndihwo hwaive huwandu hwevakundi. Uye vakundi vakaiswa pamuedzo. Uye mukundi wese anofanira kuiswa pamuedzo. Zvino pavakati, “Imi rambai zvakataurwa neShoko, kana kukandirwa mubiravira remoto,” vakaramba zvose kunze kweShoko.

<sup>77</sup> Zvino Dhanieri paakapiwa muedzo, wokuti arambe zvinotaurwa neShoko, zvokuti anofanira kukotama akatarisa kutembere, sokunamata kwakaita Soromoni, uye Aizovadzikinura kubva kune zvinhu zvose. Mwari vaizonzwa kubva Kudenga kana vakarara...vonamata vakatarisa kune tembere. Uye ndokuti, “Kana munhu akanamata mukati memazuva akawanda zvokuti...Uye tiri maMedo-Persia, asingashanduke kana kushandura mirairo yedu. Munhu iyeye achakandirwa mugomba reshumba.”

<sup>78</sup> Vakamuisira muteyo. Ndinotenda kuti muporofita uyu aizviziva. Asi vakamuisira muteyo. Akafamba akazvininipisa. Kana yasvika nguva yake yokuti anamate...Apo, aiziva, kuti kumusha kuJerusarema, paiva nechipiriso chainge chiri kubvira paartari. Dhanieri akanga asingatye vatsori. Aisimudza maketeni, ozarura mafasitera asingaonese zviri mukati, opfugama nemabvi ake, okandira maoko ake mudenga kuna Mwari onamata. Sei? Kurarama kana kufa, aiva nokukunda. Uye, nokudaro, kwaive kukunda kwakakura zvokuti kana shumba dzakatadza kukudya. A—akakunda.

<sup>79</sup> Ana...Shadraki, Meshaki, Abhedhinigo vaiva nokukunda kwakawanda zvokuti shumba...kusvikira moto wakatadza kuvapisa. Munoziva, kukunda chinhu chakaoma kuchipisa, kana kuchidya, kanawo zvimwe. Maona? Saka, ivo, vaiva nako.

<sup>80</sup> Ndingangotaura mumwe munhu. Mumazuva aRoti, Jesu akataura nezvawo, paiva nevatau voga vakakunda, Roti nevanasikana vake vaviri. Kwete kana mudzimai wake; haana kukunda. A—akatanga kubuda. Iye mufananidzo. Ndinoshuva kuti dai tanga tine nguva. Maminitsi angu makumi matatu akwana zvino. Maona? Maona? Iye, akaita zvakana, akabuda.

<sup>81</sup> Zvino ndinofanira kukupai izvi, mirai zvishoma. Vazhinji venyu makasiyawo, zvakare. Vazhinji venyu makasiya zvinhu izvi, kuti mumire nezvamunotenda, mushure mokunge maZvinzvera muGwaro ndokuona kuti Ndizvozvo. Makaona kusimbiswa kwaMwari Samasimba; kwete nezvimwe, izvo *zvakataurwa* nemumwe munhu kuti kusimbiswa. Zvakataurwa neBhaibheri kuti ndizvo zvazvichazova, uye hezvinoi iZvi zviri kuzviita. Makaona kuti Zvaiva Chokwadi. Saka, muri kufamba, kubuda muSodhoma, kusiya sangano, kusiya zvinhu

zvinokusungirira kuchitendwa; nokutevera Kristu, neMweya Mutsvene Uchizvisimbisa neShoko raMwari rakanyorwa. Nemamwe mashoko, makatora Bhaibheri panzvimbo yechitendwa. Makafamba, kuti mutevere.

<sup>82</sup> Saka, mudzimai waRoti akaita zvimwe chete, munoziva. Akabuda, kuti aende naRoti, kutevera murume wake, vana vake, vadikanwi vake, asi Zvakanga zvisiri mumoyo make. Akanga achiri kuda nyika. Saka zvinokwanisika kuti unogona kutanga, asi nyika yoramba iri mauri. Maona? Haana kumbobvira akunda. Kunyange akange ari munzira chaimo, zvakazomukunda pakupedzisira. Akatozitora kumwe kutotarisa kukuru, kwakareba, kwekupedzisira. Ipapo ndipo paakabatirwa. Usatombotarisa kumashure. Usava nezvishuvo. Ramba uchienda. Isa pfungwa yako paKarivhari woramba uchifamba wakananga kuna Kristu. Maona?

<sup>83</sup> Akatanga kufamba, seMukundi, asi haana kuzokunda. O, akasiya sangano. Akazviita. Akafamba achibuda muSodhoma, naRoti. Asi akanga achida kudzokera kuti anodimburwa vhudzi rake. Munoziva zvandinoreva. Maona? Aifanira kudzokera. Akatotadza kumisidzana nemu—muedzo. Akatozotarisa kumashure zvakare, kuti aone zvakanga zviru kuitwa nevamwe vose. “O, munoziva, ndanga ndiine dzimwe shamwari dzangu dzakanaka zasi ikoko, chaizvoizvo. Uye, chaizvoka, uku zvichida kunongoriwo kufamba kuduku—kuduku. Handizive kana zviru izvo here kana kuti kwete. Ndi—ndinongori neshoko remurume uyu pazviru, kunyange ari murume wangu. Asi zvakadaro. . .” Mufundisi wako ndiye murume wako, tichireva pamweya, munoono. “Zvino, kuti zvingave zviru izvo kana kuti kwete, handizive. Zvichida iye, chizaruro chake chakanga chisiri icho.”

Zvino, kana usina kunyatsogutsikana zvizere, usinganyatsozivi zvizere kuti Ishoko raMwari, zvadaro—zvadaro haukwanise kuenda. Maona? Unofanira kunge wakanyatsoperera mazviru. Unofanira kuziva. Kwete kungoti, “Zvakanaka, ndinoona vamwe vachizviita. Ndinoona chiratidzo.”

<sup>84</sup> Munoziva, Israeri yakabuda, ndinogona kutaura zvinhu zvimwe chete zvino ndigozviunza imo muno. Vakabuda, mamiriyoni maviri azere, zvino ndokuguma vave nevanhu vaviri. Ndizvozvo. Vakaona mabasa aMwari. Vakaona kuratidzwa kweMweya. Vakaona zvishamiso zvikuru, zvine simba zvichiitwa imo muEgipita, nezvose, ndokubuda. Asi zva—zvakanga zvisiri mumoyo mavo. Havana kukunda. Vakangobuda bedzi. Zvino Jesu akati, “Zvino vakapararira murenje,” uye vakafa zvachose Nokusingaperi. “Mumwe nomumwe wavo akafa,” zvinoreva kupatsanurwa zvemuna Ziendanakuenda. Vose vakaorera murenje.

<sup>85</sup> asi paiva nevarume vaviri, Joshua naKarebhi. Zvino pazvakasvika pamangange, zvidziviso zvakakurisa zvokuti vaiita kunge mhashu padivi ravo. Joshua akadanidzira pamwe naKarebhi, uye ndokuti, “Tinokwanisa nokupfuurira kuzviita.” Sei? “Mwari vakataura kudaro.” Uye vaive vakundi. Vakakunda. Vaive vari ivo vaiva nemukana wakanaka, kubva muboka rose riya revanhu, kutora Mwenga wechokwadi, Wakasanangurwa kupinda munyika yechipikirwa. Joshua naKarebhi vari munzvimbo dzepamberi, sevakuru vaviri vehondo, vakavatungamirira zasi kurwizi, ndokuyambuka rwizi, kupinda munyika yechipikirwa. Sei? Vakatenda Shoko, zvisinei kuti kunei.

<sup>86</sup> Zvino, Dhatani akasimuka. Dhatani, waro, akasimuka, uye ndizvo zvakaitawo Kora, zvino vakaedza kuti, “Murume uyu ari kuedza kuzviisa pamusoro pedu isu tose; mutsvene kudarika vamwe vose.” Mushure mokunge Mwari vanyatsosimbisa murume uyu. Vakati, “Tichangotangawo boka revanhu uye toita *ichi*, *icho*, *nechecho*, zvino tinogadzira sangano redu, tichaita . . .” zvino vakafa ndokuparara.

Asi varume ava vaiva neShoko raShe, uye vakagara naRo, uye vakayambukira.

“Kwete uyo anotanga; uyo anopedza.” Vakawanda vanotanga nhangemutange, asi pane Mumwe anoipedza. Pachave nemakereke akawanda achatanga, mapoka akawanda evanhu. Pachava neBoka rimwe richapedza. Ndivo vakundi.

<sup>87</sup> Zuva raRoti, hongu, akatozova nokutarisa kumashure zvikuru, kwechinguva. “O, ndiri kusiya *Nhingi-nhingi* zasi uko, nenguva dziya dzakanaka dzataiva nadzo. Handife ndakazvikanganwa.” Zvino akabatwa, ndokupfigirwa kunze, sezvazvaiva mumazuva aNowa. Akapfigirwa kunze, pasisina tsitsi, uye akaparara. Uye chu—churu chichakamirapo nhasi. Vanoti (handizive) unogona kudimura chimedu kubva ipapo zvino chobva chakura pakarepo, shongwe yemunyu. Makamboona here mufananidzo uya we*Sodhoma neGomora*, muchaona shongwe yemunyu chaiyo yakanga imire ipapo.

<sup>88</sup> Zvino, pane mutsauko pakati peshongwe yemunyu neShongwe yeMoto. Maona? Unofanira kutendeuka neimwe nzira. Hongu.

<sup>89</sup> Cherechedzai, munguva yaJohane Mubhabhatidzi. Munguva yaJohane Mubhabhatidzi, kwakawanikwa vatanhatu vakanga vakunda. Mazera ose, maiva nevakundi. Munguva yaJohane maiva nevatanhatu, vaiva Josefa naMaria, Zakaria naErisabhete, Simioni naAna. Murume nemudzimai, murume nemudzimai, murume nemudzimai; munoona, mufananidzo waKristu, Kereke; Kristu, Kereke; Kristu, Kereke; Kristu, Kereke. Maona? Maona?

<sup>90</sup> Cherechedzai, zvinotangira pamunhu wenyama. Kwete, Mo... Josefa, munhu wenyama, Josefa, aiva chii? Muvezi wemapuranga. Tevere zvino muprisita, aiva chii, maona? Mushumiri muimba yaShe; Zakaria. Zvino kubvapo, kuenda kunaSimioni, muporofita nemuporofitakadzi. Maona?...?. Kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ameni. Hamuzvioni here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanyatsokwana. Vatanhatu vakakunda. Vamwe vose, vaipira zvbairo zvavo nezvimwe zvose, asi ava vakanga Vakasanangurwa. Vakakunda.

<sup>91</sup> Cherechedza zera rose rekereke. Vamwe chete vakakunda apo, mwanakomana wose kubva muzera rose, akakunda muedzo wezera iroro. Ndine Magwaro acho pano. Handifungi kuti tine nguva yokuzviita, asi tinoziva rimwe nerimwe remazera ekereke. Zvimwe chetezvo zvino. Zvakaita semumwe munhu ari . . .

<sup>92</sup> Munoono, sokutaura kwandaita pakutanga, wakazvarwa wakakundwa. Uye kubarwa uku hakukwanise kukusvitsa ku—kuHupenyu, nokuti wakazvarwa wakakundwa. Uye uri munyika yakakundwa, pakati pevanhu vakakundwa, pakati pezvitendwa zvakakundwa, masangano akakundwa. Unofanira kusvika pakukunda neimwe nzira.

<sup>93</sup> Zvakafanana neruva rehapa. Apo...Hapa, ndinofunga, ndiro rimwe remaruva akanakisisa pane aripo. Ndinofarira zvikuru hapa huru dzemacalla nehapa yemudziva. Ndinofunga kuti hapana rimwe rakanaka sehapa guru remudziva, tinoriti hapa remumvura. Rinobwinya! Zvino, rinobva kupi? Imbeu duku, zasi pasi pechidziva chine matope, netsvina. Zvino kambeu aka, zvakadaro, kubwinya kwese kuchazopenya makari, kuri makari ipapo, pakanenge kari mumatope aya. Asi rinofanira kushingaira, mazuva ose, richiziva kuti kune chimwe chinhu. Makasviba. Mune tsvina. Mune marara. Mune zerere. Mumatope imomo mariri kurarama, zvakare rinomanikidzira nemumatope, marara, nemvura, nenzvimbo dzisingayerere mvura, kusvikira rabuditsa musoro wave pamusoro, muchiedza, zvino roratidza zvakanga zvakavanda mariri nguva dzose.

<sup>94</sup> Ndinofunga kuti ndiye mukundi, kuti, akambova muchivi, akamboita zvinhu zvakanga zvisina kunaka, haachanetseka nazvo zvino. Akamboita zvinhu zvisina kunaka, kareko, ko ungatarisireiko mudziva zvakare? Maona? Tarirai, unofanira . . .

<sup>95</sup> Mwari, nokufanotemera kwaVo, munoono, vakaunza mbeu iyi kuupenyu, zvino iri kuzvimanikidzira, munoono, ichiuya kuChiedza. Uye zvino, pamusoro pazvo zvose, yakunda. Maona? Haikwanise kuzviratidza zasi *ikoko*. Iri kusumuka, kuti izviratidze.

Haunawo iwe, muchivi chako—chako, neupombwe, nezvose zvawakararama mazviri. Hapana chawakararatidza. Asi paiva nembeu imomo, zvino yakawana mukana wokuzvimanikidzira

kupinda muChiedza. Zvino wave muHupo hwaJesu Kristu, ane Chiedza cheMwanakomana. Yakabuditsa chaizvo zvawaive pakutanga. Munoono zvandiri kureva? Wakaona Chiedza. Wakatungira maruva. Wakazarura moyo wako, uye zvino wave hapa.

<sup>96</sup> Munorangarira mharidzo yangu yehapa? Mufundisi Hapa, kuti anoshingaira sei. “Uye, zvakadaro, haaruke neshinda. Asi zvakadaro, Soromoni, mukubwinya kwake kwese, haana kushongedzwa serimwe reaya.” Iye—iye—iye—iye—iye... Mutarisei. Akagadzirira ku...Hapana chaanozvitorera pachake. Hapa harina hanyin’a nezvariri iro pacharo. Rinoita sei? Ri—rinokandira runako rwaro kunze, hupenyu hwaro, kuitira kuti vamwe vaone. Hupenyu hwaro hunoratidzwa kunze, kuitira kuti vamwe vaone kubwinya, kuri mariri, kwaiva mariri riri mumatope. Zvino rave pamusoro.

Ndiye mukundi. Akakunda matope. Akakunda zvinhu zvemunyika. Uye zvino anozvipira pachena. Munhu wose anogona kumutarisa. Upenyu hwake, hauna chaunogona kutapomera. Maona? Mukundi chaiye. Hapana chaunogona kuzaura nezvake zvino. Unoti, “Akabuda kubva mumatope.” Asi haachisiri mumatope zvino. Ave pamusoro pawo. Ameni. Hauchakwanisa zvino kunongedza zvaakanga ambori. Ave chii zvino? Ari pamusoro.

<sup>97</sup> Zvino nyuchi inouya nepo yoti, “Ipefiyumu inoshamisa. Ndinotenda ndichaenda ndonotora chikamu changu.”

<sup>98</sup> Anongozarura moyo wake, “Uya hako zvino. Zvakanaka.” Zvinhu zvose zvinotora kubva kwaari. Maona? Iye, mufundisi chaiye. Anoratidza kubwinya kwaMwari. Uye tarirai kwaakabva. Akatokunda, kuti aite zvakadaro.

<sup>99</sup> Imwe nguva, mukomana kana musikana akanga ari muduku akarurama, tsvarakadenga. Vaiva nemiedzo yakawanda yavaipfuura nemairi, asi vakazvikunda. Maona? Vakakunda. Zvino vave kuratidza runako rwechokwadi rwaKristu muhupenyu hwavo. Cherechedzai, kuratidza, nemumatope.

<sup>100</sup> Jesu wakatipa muenzaniso, kuti zvinoitwa sei. Zvino tinoda kuziva kuti tinokunda sei. Jesu akatiudza maitiro acho. Maona? Kuzvininipisa! AkaZvipfekedza, ndokutora tauru, ndokugeza tsoka dzevadzidzi nokudzipukuta. Chaiye Mwari woKudenga Akazvininipisa.

<sup>101</sup> Hatidi kuninipiswa. Ndicho chikonzero madzimai asingade kuti vhudzi ravo rikure; chikonzero ndechokuti havadi kushonga nemapfekero anofanira kuita madzimai. Sezvinoitawo, varume havadi, munoono, chinhu chimwe chete. Havadi. Ivo, vanonyadziswa.

Asi, Jesu, nguva dzose! Onai kuti Aive Ani. Hukuru! Ndiri kuzotaura chimwe chinhu. Hukuru hunozvininipisa. *Hukuru* hunozvininipisa. Hukuru!

<sup>102</sup> Ndakava nemukana wekuwana, kusangana nevamwe varume vakuru. Zvino ndeaya machinda ane hanzu shomanani, nemakobiri makumi mashanu muhomwe make, aanoridza, ndiye muchinda anofunga kuti iyeye chimwe chinhu apo pasina zvaari. Asi ndakamira nevarume vakuru, ndinoreva varume vakuru vane mawoko eshati akakwasharara, macuff. Vanokuita kuti iwe ufunge kuti ndiwe munhu mukuru. Maona?

Hukuru kuzvininipisa. Musazvikanganwe, Kereke. Hukuru hunoratidzwa mukuzvininipisa, kwete kuti unogona kunge wakatsvinda zvakadini.

Handirevi hutsvina, zvino. Ndi—ndinoreva kuzvininipisa pamweya. Maona? Handirevi kungobu—buda ugo... Kuenda kunogezva nokungochena. Izvozvo, unofanira kuzviita. Munozviziva. Maona?

Asi ndiri kutaura nezvekuzvininipisa, kuzvininipisa kwechokwadi, kwete chimwe chinhu chokutevedzera. Chimwe chinhu chiripo, ndiko kuzvininipisa chaiko.

<sup>103</sup> Jesu wakatiudza kuti tinozviita sei. Akakunda. Zvinoreva... *Kukunda* zvinoreva “kukurira muedzo,” ndizvozvo, sezvakaitwa nevatsvene vakare; sezvakaitwa naJesu: pakati pemhandu dzaKe dzose, Akakunda muedzo. Zvose zvaAkaedzwa nazvo, Akakurira. Akatarisana nohurwere, uye Iye ari Mhesia, Akavapodza. Akatarisana nerufu, Akadzosa zvakare kuupenyu. Akatarisana neKarivhari, rufu rwaKe pachaKe, akarwukunda nokuzvipira pachaKe. Sei? NeShoko. Akati, “Paradzai Tembere iyi, uye Ndichaimutsa mumazuva matatu.” Shoko rakataura kudaro. Maona? Uye muhupo hwerufu, Akarwukunda. Akakunda rufu. Muhupo hwegehena, Akakunda gehena ndokukurira gehena. Hongu. Muhupo hwebwiro, Akakunda bwiro. Sei? Zvose neShoko, nokuzvininipisa. O, ini zvangu! Heunoi Murume chaiye. Heunoi Uyo waunoita muenzaniso wako. Maona? Akakunda zvose, akazvikunda.

<sup>104</sup> Onai. Muedzo waive waKe. Munozviziva? Bhaibheri rakati, “Akaedzwa nenzira dzose sesu, asi asina chivi.” Akaedzwa no—nokunwa. Akaedzwa nemadzimai. Akaedzwa nezvose zvaigona kunge akaedzwa nazvo. Akaedzwa nezvose zvinotiedza. Aiva Munhu, asi hawaikwanisa kuisa chipomerwa paAri. Hongu, changamire.

<sup>105</sup> *Kukunda* zvinoreva “kucherechedza dhiyabhorosi mune mano ake ose.” Vanhu vakawanda vanoti, “Hakuna dhiyabhorosi. Inongori pfungwa.” Usafe wakazvitenda. Ariko dhiyabhorosi wechokwadi. Angoripo zvezmazvirokwazvo sezvauri kana ani zvake. Dhiyabhorosi chaiye, uye unofanira kumucherechedza zvezmazvirokwazvo. Unofanira kuziva kuti ndidhiyabhorosi. Zvadarwo, panguva imwe chete iyoyo ya—yaunomucherechedza, uye ugoziva kuti ndidhiyabhorosi uye



anopikisana newe, zvadaro, kukunda, unofanira kucherechedza kuti Mwari ari mauri mukuru ane simba kudarika zvaari, kuti Uyo ari mauri akatomukunda nechekare. Uye, nyenasha dzaKe, unomukurira nokudarika. Amen. Ndiko kukunda kwemazvirokwazvo, kana wacherechedza.

<sup>106</sup> Unotarisa shure, ugoti, “Ndiri kuita *izvi* uye ndiri kuita *izvo*,” zvadaro, kwete, iwe—iwe, watokundwa.

“Asi hapachina kupomerwa kune avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambe munyama, asi muMweya.” Zvino unocherechedza kuti wakunda.

Uye unoziva kuti ndidhiyabhorosi. Haukwanise kuti, “Ndine chirwere, uye ini—ini—ini—ini handitendi kuti chirwere.” O, hongu, chirwere. Une kenza, iwe “hautendi kuti ikenza.” Ikenza. Ikenza.

Asi, rangarira, “Mukuru Uyo ari mauri kune uyo ari munyika.” Unofanira kucherechedza kuti Mweya Mutsvene uri mauri wakatokunda kare chinhu ichi. Uye Ari mauri, uye unokwanisa kukurira naYe. Zvinonyatsonzwisisika izvi, chaiyo nzira yemanyorerwo akaitwa Gwaro. Kukunda!

Ndinofanira kukurumidza. Ndatora maminiti makumi mana nemashanu zvino. Ndazopfuurira panguva yangu zvino.

<sup>107</sup> Cherechedzai, kukunda! Mwari ari mauri mukuru kudarika uyo ari maari. Mwari wenyika haasi mukuru saMwari weKudenga, ari mauri, sekusakwanisa kwerima kumira muhupo hwechiedza.

<sup>108</sup> Zvino, rima harikwanise kumira muhupo hwechiedza. Handina basa kuti rakasviba zvakadini, chiedza chinoribvisa. Harikwanise kumira. Girori! Asi tora rima rose raungada, woedza kumisidzana nechiedza imwe nguva, uone zvinoitika.

Ndiye Uyo ari mauri, Chiedza. Uye uyo ari munyika irima. Saka, Chiedza chakaraidza kuti chinokurira rima, uye munhu ari muna Kristu uye anoziva kuti akakunda zvinhu zvemunyika. Amen. Haichisina ukama newe, zvachose. Wasununguka. “Famba muChiedza, sezvo Iye ari muChiedza, uye Ropa raJesu Kristu rinotishamba kubva kuzvivi zvose, uye tinoyanana pamwe chete.” Hezvoka izvo.

<sup>109</sup> “Mukuru uyo ari mauri kune uyo ari munyika.” Zvino, kana ukatarisa kumashure uye ukapomerwa, zvikadaro uchiri munyika. Asi kana uri kurarama pamusoro pazvo, zvino Uyo ari mauri akutungamirira pamusoro perima.

Sehapa, riri pamusoro perima rematope. Riri pamusoro perima remvura dzine matope. Riri muchiedza, richiratidza runako rwakaiswa mariri risati rabuda mumatope. Amen.

<sup>110</sup> Iye zvino ndi—ndinonzwa seMukristu anodanidzira. Icho chakanga chiri muna Mwari, pakutanga, chakazvimanikidzira munzira yacho, chikakunda. Chakakunda chikoko. Chikakunda

matope. Chikakunda mvura. Chakakunda zvose, uye chaive mukundi, zvino ndokuratidza runako neKubwinya kwaMwari.

<sup>111</sup> Ndiwo maitiro anoita mutendi wose. Ndiyo nzira yakaitwa naNowa. Ndiyo nzira yakaitwa naRoti. Ndiyo nzira. Onai mumatakanana maaakanga ari. Ndiyo nzira yakaitwa naMosesi. Ndiyo nzira yakaitwa naJoshua. Ndiyo nzira yakaitwa naDhanieri. Ndiyo nzira yakaitwa naShadraki, naMeshaki. Ndiyo nzira yakaitwa naJohane Mubhabhatidzi; Zakaria, Erisabhete. Ndiyo nzira iyo Simioni, ndiyo nzira iyo Ana, mumwe nomumwe wavo akaita. Vakakunda matope akanga akavapoteredza neaiva mavari. Ndokusimudza misoro yavo pamusoro pazvo, ndokupenya noKubwinya kwaMwari. Ndzivo zvinoitwa neMukristu chaive.

<sup>112</sup> Rangarirai, Jesu akaMuratidza kuti zvinoitwa sei. Mazuva makumi mana okuedzwa, Akaedzwa kudarika munhu wese angaedzwa, mukuedzwa kwa Jesu Kristu. Tarirai. Akatiratidza kuti zvinoitwa sei.

Zvino ndichavhara, mumaminitisi mashoma.

<sup>113</sup> Onai. Akatiratidza kuti zvinoitwa sei. Akazviita sei? NeShoko. Ndiwo maitiro aAkaita nawo, nokuti Aiva Shoko. Zvino Jesu akati, “Kana mukagara maNdiri, uye maShoko Angu mamuri,” wadzokera kuShoko zvakare, Shoko revimbiso. Nderipi Shoko revimbiso kuMukristu wose? “Mukuru Uyo ari mamuri kudarika uyo ari munyika.” Zvino ndinokunda sei? Kwete ini, asi Shoko riri mandiri. Shoko ndiMwari. Zvadaro ndinokunda zvinhu zvemunyika, nokuti iShoko riri mandiri. “Kana mukagara maNdiri, maShoko aNgu ari mamuri, zvino kumbira chose chaunoda.” Ramba uchikwira nekumanikidzira kumusoro. Wave kusvika kumusoro, chaizvo izvo. Maona? Unofanira kusvika kumusoro.

<sup>114</sup> Mazuva ake makumi mana okuedzwa, neShoko raMwari Akakunda. Ndinoda kutaura chimwe chinhu pano kwemaminitisi mashoma. Satani akaMurwisa zvikuru katatu mukumuedza uku. Tarirai. Zvinogara zviru muhutu. Musazvikanganwe. Maona? Akarwiswa zvikuru katatu, kubvira pane wekumusoro-soro kusvikira kune wepasi-pasi. Akaedza nokukwanisa kwake kwese kuMukunda. Asi Akanga ari Shoko. Amen. Chii chaAkashandisa? Iye pachake, Shoko. Kurova kwaSatani kukuru kutatu kana kuti kurwisa kwaAkaitwa, asi Akasangana nazvo neShoko. Kurwiswa kwese, Aikwanisa kukunda neShoko. Tarisai izvi zvino, kubvira kumusoro-soro kusvika pasi-pasi.

<sup>115</sup> Chaakatanga kurwisa, kushandisa simba raKe guru. Apo, Aiziva kuti aive Shoko. Aiziva nzvimbo yaKe. Munotenda Aiziva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Ini Mwanakomana wemunhu.” Aiziva nzvimbo yaKe. Zvino Satani akauya achida kuMuti aZvishandisire simba raKe paAri,

kuMupa chokudya, kuda kuZvipa chokudya. Aiva nenzara. Munhu akaita nzara, anogona kuita zvese-zvese. Anoba, kutora nechisimba, kupemha, kukwereta, chese-chese. Maona? Ainge aine havi yechokudya. Zvino Satani akashandisa kurwisa kwake kukuru kwekutanga paAri, kutora simba raKe raAiva akapiwa kuti akunde naro zvino orishandisira paAri iye. Haana kuzvishandisira simba paAri iye. Kwete. Akarishandisa pane vamwe. Ndizvozvo. Akarishandisa pane vamwe, kwete paAri iye. Rakanga risina kuitirwa Iye. Kunyange, Aigona kunge akazviita. Zvirokwazvo Aigona kunge akazviita.

116 Asi onai maitiro anoita dhiyabhorosi? Dhiyabhorosi anoda kuti umucherechedze. Iye aingova nebasa chete neizvo zvaainzi naBaba aite. Ndizvozvo.

Akati, “Handiti,” Satani akati, “zvakanorwa kuti, ‘Acharaira Ngirozi. . .’”

117 Akati, “Hongu, asi zvakanorwawozve. . .” Maona? Hezvoka izvo. Maona? Aiziva kuti Iye Aive ani. Satani aiziva. . .

Pfungwa yacho inodzika kudarika manyorerwo Ayakaitwa. Maona? Kufemera. Nyaya ine basa iri mukati maYo, munoona, chaizvo zvaZviri.

118 Kunyangwe Aigona kunge akazviita, haAna kuzviita. Asi Iye—Iye haana kuteerera kuzano raSatani.

Zvino, hechinoi chinhu chakanaka. Maona? Dzimwe nguva Satani anogona kukutora, uye uchifunga kuti uri kuita kuda kwaMwari, uye agokupa rimwe zano, wobva waritambira. Hongu, changamire. Ichokwadi anozvigona.

119 Zvino ngatingotorai, semuenzaniso, sehanzvadzi dzedu. Vakanaka. Uye anogona kukusvitsa pane imwe nzvimbo, yokuti, unorega vhudzi rako richikura, wanga usingacherechedze. Ranga richiratidzika zvakanaka kwazvo paari, uye, chinhu chokutanga unoziva, unoita manzwiro anenge ekuzvisimudzira, zvisihoma pamusoro pezvimwewo. Vamwe venyu imi varume, munoza zvandiri kureva. Maona? Zvino anokwanisa kutora chinhu chimwe chete ichocho zvino okupa dzimwe pfungwa. Ndizvozvo. Unofanira kuzvikunda.

Chingorangarira, uri kuraramira Mwari. Une chinangwa chimwe chete, chinova Jesu Kristu. Kunze kwaizvozvo, hapana chimwe chine basa. Ndiye Iye. Zvadarwo, chepiri, kumhuri yako. Zvadarwo, chetatu, zvako iwe. Asi, kutanga, kuna Mwari; tevere, mhuri yako; uye tevere, zvako. Uri panhamba yechitatu; ndipo panoperera nzira. Iwe zviise pokupedzisira; Akazviita.

120 Onai zvaAigona kunge akaita. Akati, “Ndaigona kudana Baba vaNgu, ndotaura naVo, Vanobva pakarepo vaNditumira mapoka gumi nemaviri eNgirozi.” Apo, imwe Yadzo yaikwanisa kuparadza pasi rose. Akati, “Dai Humambo hwaNgu hwaive hwepasi pano, zvino vanhu vaNgu vairwa. Asi Humambo

hwaNgu ndehweKumusoro.” Hezvoka izvo. Maona? Aigona kunge akazviita, asi haAna. Maona? Kunyange, Aigona kunge akazviita. Haana kumboteerera kuzano raSatani.

<sup>121</sup> Zvino, wati wambonzwa here vanhu vachiti, “Kana—kana uchitenda kuti pane—pane Anoporesa nemunamoto... Kana uri Anoporesa nemunamoto... Enda unitora Muporesi wako. Ndine munhu kuno, ari kurwara. Ndinoda kumuona achimupodza.” Munoono dhiyabhorosi mumwe chete? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ari kuedza kukuudza zvimwe zvinhu. Ari kuedza kukuti umuteerere panzvimbo yaMwari. Asi muranda chaiye, wechokwadi waMwari anoteerera nokuona zvinotaurwa naBaba, kutanga. Maona?

<sup>122</sup> Semwana muduku wekwaStadsklev, pavakatumba kuno. Zvino Mai Stadsklev vakati, “Hama Branham, ndafona kubva kuGermany.” Paiva nemo auto emuAmerica, neimwe yendege dzavo yaive yakamhara munhandare, yaizondibhururutsa kuenda kuGermany nokudzoka, muzuva rimwe. Aiva mufundisi wemasoja. Zvino mwana akanga akaradzikwa, akafa. Uye amai vaduku ava vaizhamba, vakati, “Teerera!” Ndokuti, “Ndinoziva. Ndakanga ndimirepo zvino ndokuona mudzimai akabata mwana akafa mumawoko ake, akanga afa mangwanani iwayo. Ndakaona Hama Branham vakafamba kuenda ikoko, ndokuisa mawoko pamwana uyu akafa, zvino iye ndokumuka.” Ndokuti, “Uyu mwana wangu, Hama Branham.” Havana kunge vakambove nerufu mumhuri yavo. Maona? Zvino kanhu kaduku aka kakarwara mamwe mangwanani ndokufa masikati iwayo.

Hevo vaivepo vose vakamira kwese-kwese, uye vachipa zviporofita nezvimwe, “Mwana achamuka,” nezvimwe zvakadaro.

<sup>123</sup> Ndikati, “Zvakanaka, zvakaisvonaka, Hanzvadzi Stadsklev. Asi regai ndione zvinorehwa naBaba.”

Ndakaenda kumasango. Zvino ndakanamata. Ndokudzoka; vakanga vafona kaviri kana katatu ndisati ndadzoka mangwanani akatevera. Hapana.

Chiremba akati, “Zvakanaka.” Ndokuti, “Kana zviri izvo, kana muine kutenda kwakadaro, amai, hatisi kuzorega mwana achibuda muchipatara. Musiei avete ipapo. Imi chigarai ipapo naye. Zvakanaka.”

Hama Stadsklev vakaenda kunoona meja wemauto. Vakati, “Chokwadi. Tinovabhururutsa kuno, tozovadzoseru.”

<sup>124</sup> Zvino paivepo nendege yainge yakamhara, yakamirira, kundiyendesa mangwanani iwayo yozondidzora manheru acho, kuGermany, kuHeidelberg, Germany, kuitira kumutswa kwemwana uyu. Ndikati, “Chokwadi, Mwari vanogona kuzviita, asi ngationei kuti kuda kwaKe kwakadini.”

125 Zvino ndakabuda, ndokunamata usiku hwese. Hapana chakaitika. Ndokudzoka mangwanani akatevera; hapana chakaitika. Zvino ndakatanga kupinda mumba. Pakarepo ndakatarisa apo, zvino hecho Chiedza chiya chakaremba pamukova. Ndokuti, “Usaise ruwoko rwako pazviri. Usazvitsiure. Urwu ruwoko rwaMwari.”

126 Ndakavabata pafoni. Ndikati, “Hanzvadzi Stadskev, vigai muheche wenyu. Urwu ruwoko rwaShe. Kuda kwaMwari. Pane chimwe chinhu chaizoitika kumwana uyu nokufamba kwenguva. Muregei aende uko chaiko kwaanozivikanwa naMwari kuti ndiko kwaari. Munogona kuenda kwaari zvino. Mupenyu, hamukwanise. Imi chisiyai zvakadaro.”

127 Muparidzi mukuru uya muLutherani muGermany akanyora tsamba ndokuti, “Ndinokoshesa zvakadini, apo, Hama Branham vakamirira mhinduro yaMwari yakananga, vasati vawana chavanotaura.”

Ndizvozvo. Batirira pasarudzo yaMwari. Zvisinei kuti vamwe vanoti kudini, kana kuti chingavei, usawirirane naSatani, zvachose.

128 Kana Satani akati, “Zvino, rubhabhatidzo mumvura, muzita ra ‘Baba, Mwanakomana . . .’” Kana zviri, zvaari kureva, iwe siyana nazvo. Mwari vakataura zvimwe. Kana akati, “Uri munhu akanaka, hausungirwe kunge . . . Uri mudzimai akanaka, hausungirwe kuita . . .” Usawirirane. Kana Shoko rakataura zvimwe zvakasiyana, iwe gara neShoko zvisinei kuti zvakadini. Ndiwo muenzaniso wawakapiwa naJesu, zvino ndipo pane kurwisa kukuru, munooa, kwaakaita kwaAri.

129 Zvino, kurwisa kwechipiri. Ndave kukurumidza. Zvinongoita sokunge nguva inomhanya nokukasika. Kurwisa kukuru kwakatevera kwaiva, uko kwaakaita paAri, kuti Agoshamisira.

Uye izvozvi marovero azvinoita varanda vaMwari, kuti ugoshamisira, kuratidza zvaunogona kuita. “Kubwinya kuna Mwari! Hareruya! Ndiri mudzikinuri! Ndiri *zvakati*.” Maona? Maona?

130 “Uya kumusoro kuno, pamusoro petembere, zvino ugare pasi pano.” AkaMuedza kuti azviite. Zvino, rangarirai, Akaedzwa kuti azviite, zvakaomarara. Akati, “Zvino, kana Uchida kuva chimwe chinhu pamberi pevanhu, simuka pano patembere ino, wosvetuka.” Maona? “Ndichakupa Gwaro racho, nokuti zvakanyorwa kunzi, ‘Acharaira Vatumwa pamusoro paKo, kuti urege, imwe nguva, kugumbusa rutsoka rwako padombo. AnozoKutakura.’” Kumuita kuti ashamisire, kuratidza simba raKe.

131 Hapana muranda waMwari wechokwadi anodaro. Mukaona munhu achishamisira, chipfuva chake chiri kunze, nezvimwe zvose zvakadaro, ingorangarirai, pane chakatsveyama ipapo.

Kwete. Mwari havadi zvakadaro. Jesu akapa muenzaniso. Aigona kunge akazviita. Zvirokwazvo Aigona kunge akazviita, asi haAna kuzviita. Hapana muranda waMwari anoshamisira, pachake, kuedza kutora simba raMwari zvino woedza kuzviratidza ari pamusoro pemumwe munhu.

<sup>132</sup> Munorangarira Mosesi akazviita? Munozvirangarira? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Mwari vakamupa simba rokuita zvose zvaaida; vakamuita muporofita. Akafamba ndokudzika kuDombo riya, ndokurova Dombo kechipiri. Izvozvo zvaipesana nokuda kwaMwari.

Mwari vakati, “Taura kuDombo iro. Usarirove zakare. Unoputsa yose mi—yose mi—mifananidzo pano. Dombo riri kuzorohwa kamwe chete.” Asi akataura nezvehutera hweShoko paakazviita; Zvakanga zvisina kukwana. Hongu. Shoko ndiro rakanga riri iro rakanga riri kuitika. Dombo raiva Shoko. Maona?

<sup>133</sup> Iye, pekutanga, akarova Dombo zvino mvura ndokubuda. Zvino vakazova nenyota zvakare. Akati, “Zvino dzokera unotaura nedombo.” Rakangorohwa kamwe chete. Maona?

“Hutera hweShoko,” Mosesi akapupurira kwazviri. “Shoko rakanga risiri izvo chaizvo; Aifanira kurohwa zvakare.”

<sup>134</sup> Nokudaro Mosesi akadzikako ndokurova Dombo saizvozvo, ndokuti, “Buda!” Haina kubuda, saka akarirova zvakare, uye ndokuti, “Buda! Ndinokuraira kuti ubude.” Zvino mvura dzakabuda.

<sup>135</sup> Mwari vakati, “Kwira kumusoro kuno. Uya pano. Wazvisimudzira. Watora simba raNgu; panzvimbo yokuNdichenesa, wazvichenesa. Zvino hausi kuzoyambukira mhiri kunyika iyo. Tarira mhiri, ugoona zwayakaita; asi, pano, uchaenda uchibva pano.” O, ini zvangu! Hakuna kumbova nemumwe wakaita saMosesi, munoziva. Kwete, kwete.

<sup>136</sup> Paakauya nokushamisira kuna Jesu, akati, “Kwira kumusoro kwetembere kuno wosvetukira pasi.”

<sup>137</sup> Akati, “Zvakanyorwa zvichinzi,” ameni, “‘Usaedza Ishe Mwari wako.’” Maona? Akasangana naye neShoko, pane izvozvo, nepakurwiswa kwese kukuru.

<sup>138</sup> Hapana muranda wechokwadi anoedza kushamisira, ne—nesimba raMwari. Akadaro, anorasikirwa pakarepo.

<sup>139</sup> Kurwisa kukuru kwechitatu, Satani akasarudza kumupa humambo huno kwaAri. Akazviita. Satani akati, “Unoona ushe hwese hwepasi? Ndehwangu. Ndinoita zvandinoda nahwo. Ndichahupa kwaUri.”

Asi, rangarirai, akanga ari kuedza kuti Ahuwane pasina muchinjikwa. Dai Akadaro, tingadai takarasika. Aigona kunge akatora humambo. Asi Anofanira kutevedza... Anofanira kudzoka. Akaedzwa kuti azviite, zvino. Rufu chinhu

chakaomarara. Akaedzwa kuti atore rusununguko rwaKe kuti agove Mambo wenyika, pasina muchinjikwa. Asi, dai Akazviita, vanhu vehumambo hwaKe vangadai vakafa. Satani angadai akafarira kuita chirongwa ichi naYe. Asi Akati, “Ibva shure kwaNgu, Satani.” Haana kuzviita.

<sup>140</sup> Akauya akatambudzika, ndokutora nzira yakaoma, yakakwasharara. Akatora nzira yekutambudzwa. Akatora nzira yerufu.

Tiri here, mangwanani ano, kuda kuzviita, kutora nzira imwe cheteyo yaAkatora? Tinoda here kufa? Tinoda here kuzvipira kuna Mwari, tosiya nyika yose nezvinhu, kuti tiMushumire? Maona?

<sup>141</sup> Zvino, Akatadza kuzviita. Achitonyatsoda ku—kusiya, Satani aida, kwaAri. Asi haAna kuzviita. Kunyangwe Jesu akaedzwa, Akatikundira. A—Akatsungirira mumiedzo yose nokuda kwangu newe. Maona? Aigona kunge akaitora pakarepo. Asi akatorereiko imwe nzira? Kuitira kuti tigouya, kuzova naYe. Uye kana Akabhadhara mubhadharo wakadaro, zvino tingazova vaduku zvakadini tikasautora? Apo, rangarirai, hapana chiripo pano, zvakare.

<sup>142</sup> Kana ukararama zana remakore, unozoguma wavei? Kupenga, pfungwa dzako pachisina, waremara kwese, wakwegura pamwe nenhetemwa. Ndiko kwauri kuenda, uye ndiwo magumo acho. Iwe uya zvino, kuda chinhu ichi. Unozviita sei? NeShoko. Zvinotaurwa neShoko, unozviita. Famba wakazvininipisa. Rarama pamberi paJesu.

<sup>143</sup> Akatsungirira zvinhu zvose nokuda kwako neni. Ndiye muenzaniso wedu kuti tinokunda sei chizvarwa chedu chakaipa, sokukunda kwaAkaita chizvarwa chaKe chakaipa.

<sup>144</sup> Rangarirai, paAkauya panyika, panongori nehuwandu hwekusatenda, kana kudarika, pane hwakavepo pane imwe nguva. Hazvina kana kumboMunetsa napaduku pose. PavakaMudana kuti dhiyabhorosi panzvimbo yaMwari, pavakaMudana zvose zvaikwanisika kuitwa, hazvina kuMunetsa napaduku pose. Aiva nechinangwa chimwe chete: “Kuita zvaBaba. Kuchengeta Shoko.” Shoko ndiMwari. Aiva nepfungwa imwe chete.

<sup>145</sup> Tinoedzwa pane dzimwe nguva kudzokera shure. Vazhinji venyu, munoedzwa kudzokera kusangano, kudzokera kundotora, nokuti nyika yose inoti, “Uri wesangano ripi? Uri nhengo yekereke ipi?” Tinoedzwa kuita zvakadaro; tose tinodaro. Hanzvadzi dzedu dzinoedzwa kudzokera, kudzokera kunobatana nemamwe ose masangano, nemamwe maAssemblies, kana makereke aMwari, kana mamwe awo; woramba uri muPentecosta, worega vhudzi rako richidimurwa, zvino woita mapfekero nenzira yose yaungada. Maona? Munoedzwa kuita zvakadaro, kudzokera wonova

nemukurumbira muchizvarwa chino chakaipa chatiri kurarama tiri.

Apo, ichi ndicho chivi chikuru chemumazuva edu. Ndicho chivi chikuru pakati pevanhu vedu, zvemunyika, sezvakataurwa neBhaibheri Raod-...Zera reRaodhikia rakadaro. Ndere zvemunyika, “Akapfuma, hapana chaanoshaiwa; asingazive kuti haana kusimira, akasuwa, anosiririsa, uye ibofu.” Ndicho chivi chezuva rino. Apo paunonzwa Shoko raMwari richidanidzira richizvipikisa, zvino iwe watora imwe nzira, haufarirwe nenyika. Unoedzwa kudzokera shure.

<sup>146</sup> Ndinoziva. Munoramba muchiti kwandiri. Ndinozviziva muri kuti, “Nguva dzose.” Ndinozviziva kuti munoneta neni pandinoramba ndichitaura pamusoro pezvinhu izvi. Ndinonetawo nokuramba ndichikuonai muchizviitawo, zvakare, ndizvozvwo, chivi ichi chandiri kuedza kukutaurirai nezvacho. Munoti, “Muri kurambirei muchitaura nezvacho?” Saka, chiregai kuzviita. Ndiri kuedza kuponesa upenyu hwako, neShoko. Ndinonetawo, zvakare. Saka, chingotwasanuka. Ichi chivi, hachifanire kuitwa. Hongu, changamire.

<sup>147</sup> Tinofanira kukunda zvinhu izvi. Tinotarisira kuedzwa nazvo, nenyika. “Ukada nyika, zvinhu zvemunyika, rudo rwaMwari harwumo mauri,” Jesu akadaro.

<sup>148</sup> Zvino tave kungovhara, nokutaura izvi. Pane mubairo wemukundi.

<sup>149</sup> Regai ndikuverengerei chimwe chinhu. Zarurai mumabhaibheri enyu. Ngatidzokerei kuna Zvakazarurwa, chitsauko 3, 2. Tarirai pano zvino, zvinhu zvose izvi zvandanga ndiri kutaura nezvazvo, kukunda. Zvino chingozvitarisa uone. Zvinzvere muchiringiriro chemweya, ona kana wakakunda.

<sup>150</sup> Zvino, mharidzo yokutanga, kumu—kumutumwa weEfeso, ndinoda kuti muteererere kune zvaAkataura. Uye Zvakazarurwa, chitsauko 2, ndima 7. Izvi ndezvekuzera iri rekereke, apo paAkavaudza zvose zvavakanga vaita, “Vakasiya rudo rwavo rwepakutanga.” Ndima 7:

*Une nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke; Unokunda (munhu, kwete kereke)...Unokunda—kunda ndichamutendera kuti adye muti woUpenyu, uri pakati muparadhisu yaMwari.*

Maona? Vakundi muEfeso.

<sup>151</sup> Zvino, rinotevera raiva Smirna. Zvino, kuvakundi vaivamo, tinoteerera kune izvi. Zvino, ndima 11.

*Kune u—une nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke; Unokunda haangakuvadzwi norufu rwechipiri.*

Maona? Vakarwukunda.



<sup>152</sup> Zvino, izvozvo, zvino tarirai kuPergamo, tichaona izvo mukundi zvaakamusiira, imomo. Tinoverenga ndima 17, kukereke yePergamo.

*Une nzeve, . . .*

Uyo, ndiye munhu ari oga, kwete boka rose. Munhu ari oga, ndiwo Mwenga uri kubuda, munoona, Kereke.

Regai uyo ane nzeve, *nganzwe zvinoreva Mweya kumakereke; Unokunda ndichamupa kuti adye mana yakavanzika, uye ndichamupa ibwe jena, napabwe iro zita idzva rakanyorwapo, risingazivikanwi nomunhu asi naiye unorigamuchira.*

Ndiye mukundi, wemuzera rekereke.

<sup>153</sup> Zvino, rinotevera iTiatira. Ngationei kuti mukundi aiva nei muzuva iri. Ngatitorei ndima 26.

*Unokunda, achichengeta mabasa angu kusvikira pakupedzisira, ndichamupa simba pamusoro pamarudzi: (Ndizvozvo.)*

*Uye. . . uchaafudza netsvimbo yedare; uye sehari yemuumbi dzinoputsanywa: sezvandakapiwawo naBaba vangu.*

Munoona, “NaYe, muchigaro chaKe.” Kristu achatonga marudzi, netsvimbo yedare. Uye heinoi Kereke yakakunda, “Igere imomo, naYe, kuputsanya marudzi netsvimbo yedare.”

<sup>154</sup> Zvino ngativitorei kukereke yeSadhisai. Zvino ndima 5 yechitsauko 3.

*Unokunda, uchapfekedzwa saizvozvo nguwo chena; handingatongodzima zita rake mubhuku roupennyu, ndichapupura zita rake pamberi paBaba vangu, nepamberi pavatumwa vatsvene.*

Ndizvo kumukundi muSadhisai.

<sup>155</sup> Zvino, ngatitorei zvino ndima 12. Zvino, izvi zviri kukereke ye—yeFiradherfia, mundima 12.

*Unokunda ndichamuita mbiru mutembere yaMwari wangu, haangazobudimozve: ndichanyora pamusoro pake zita rangu, zita raMwari wangu, nezita reguta raMwari wangu, Jerusarema idzva, rinoburuka kudenga kuna. . . Mwari: uye ndichanyora paari zita rangu idzva.*

<sup>156</sup> Tarirai zviri kuvimbiswa mukundi. Maona?

Zvino, zvino Raodhikia, ndiro zera rokupedzisira rekereke. Pachava nevakundi imomo. Tarisai pano. Ivo, rangarirai, zera roga-roga rekereke, iro rinoritevera rinogamuchira izvo zvose zvakapiwa nemamwe ose. Tarira kumusoro kuno. Zvino, pano, mushure mokunge vagamuchira masimba ose aya, mazita matsva aya, nezvose zvakanyorwa, izvo zvaAkavimbisa, uye

nokudya mana yakavanzika, nezvose zvichidzika. Tarirai zera rokupedzisira, Zvakazarurwa 3:21.

*Unokunda ndinopa chinhu ichi kuti agare neni muchigaro changu choushe, (ameni), seniwo ndakakunda, ndikagara pamwe chete naBaba vangu muchigaro chavo choushe.*

*Une nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke.*

<sup>157</sup> Pane mubairo wevakundi. Enda mberi, ruva rehapa. Kana zviri mauri, isa padivi matope nezvimwe zvose, womanikidzira kuenda kumusoro. Hongu, changamire. “Kugara neNi muchigaro chaNgu choushe.”

<sup>158</sup> Munoziva, pane imwe nguva, amai vaJakobho naJohane. . . . Hatiwane nguva yokuzviverenga. Amai vaJakobho naJohane vakauya ndokukumbira nzvimbo iyoyi. Munozviza? Munozvirangarira? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Ishe, itai kuti mwanakomana wangu agare kune rimwe divi, uye mumwe mwanakomana wangu ogara kune rimwe.” Ndicho chishuwo chaamai kumwanakomana wavo.

Asi tarisai. Asi, “Nzvimbo iyoyo,” Jesu akati, “yakatemerwa.” Nzvimbo iyi yakanga isati yavepo panguva iyi. Sei? Cherechedzai. “Ichapiwa kune avo vayakagadzirirwa.” Chii? Uyo achagara kurudyi, neuyo ari pedyo naYe, akanga asati akunda. Maona? Chaive chisati. . . . Akati, “Handini ndinopa. Handikwanise kuipa, asi ichapiwa mushure mukunge muedzo wauya.” Ameni. Maona? “Handikwanise kuipa. Asi mushure mokuuya kwemuedzo, vachagara kurudyi nokuruboshwe. Pane mbeu yakatemerwa yakamirira izvozvo kunze uko. Ichapiwa kune avo vakaivimbiswa. Ichapiwa ikoko, asi muedzo hausati wauya; zvokuti, haasati ati akunda.” Maona?

<sup>159</sup> Munhu aizatora nzvimbo iyi kune rimwe divi, nemumwe achitora kune rimwe divi, pedyo naYe muHumambo, zvakanga zvisati zvaitwa, munoona, pasati pava nokukunda. Muedzo wakange usati wauya. “Uchauya munguva inotevera.”

“Kana tikatambudzikira Kristu neShoko raKe, tichatonga pamwe chete naYe, nokuti Iye ndiye Shoko.” Rangarirai, “Kana tikatambudzika nokuda kwaKe neShoko raKe, tichatonga pamwe chete naYe, muShoko raKe.”

<sup>160</sup> Cherechedzai. Iye, Muenzaniso wedu, akakunda, zvino ndokukwira mudenga, mushure mokukunda rufu, gehena, hurwere, bwiro. Zvose, Akakunda. “Zvino akakwira kumusoro, ndokutapa hutapwa, ndokupa vanhu zvipo.” Yakange iri Testamende Yakare, pamwe nevatsvene vemuTestamende Yakare vakanga vakunda. Vakatsvaka Munhu akadaro, zvino vakafa Chisati chasvika. Asi pakauya Munhu uyu, “Hazvina kudzivisa vaive vavete.” Ameni. Haugone kurasikirwa, nenzira ipi zvayo. Kurarama kana kufa, zvinoita mutsauko wei? “Hazvidzivise.” Maona? Vakazvitarisira.

<sup>161</sup> Kunyange Jobho kareko, akahutsvaka. Akati, “Ndinoziva Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva okupedzisira Achamira panyika.” Paiva nemurume akarurama, munhu akakwana. Aipira chibairo. Aiita zvose zvaaiudzwa naMwari kuti aite. Aizviita noruremekedzo nerukudzo. Aiva muporofita. Zvadaro Satani akauyako, kuzomuedza. (Sokuuya kwaanoita kuzokuedza.) Chii chaakaita? Akaramba akamirapo.

Mudzimai wake akatouyawo, ndokuti, “Wadii watuka Mwari wafa rufu? Uri kuratidzika zvinosiririsa zvikuru wakagara ipapo.”

<sup>162</sup> Akati, “Unotaura somudzimai bedzi.” Zvino, haana kumboti aiva benzi, asi akataura serimwe rawo. Maona? Akati, “Unotaura semudzimai benzi.” Ndokuti, “Ishe vakapa, uye Ishe vakatora; Zita raShe ngarirumbidzwe.” Akakunda.

<sup>163</sup> Akakunda zvaitaurwa nevavakidzani. Akakunda izvo nhengo dzose dzekereke, Bhirhadhi nevamwe vose, zvavaitaura. Akakunda mubhishopi nezvaaitaura. Akakunda mucardinal nezvaaitaura. Akakunda sangano, nezvavaitaura. Akagara nokururamiswa neShoko. Ameni. Zvakadaro, akarasikirwa nezvinhu zvose zvaaiiva nazvo, kunyange vana vake. Akapara mamota nechimedu chemudziyo wevhu, agere ipapo, asi zvakadaro akakunda. Zvino apo nguva huru yemuedzo payakanga yaguma, zvino makore akakotonoka achidzokera.

<sup>164</sup> Akatarisa chinhu chose chinonzwisika. Akati, “Pane tariro mumuti kana uchinge wafa; unorarama zvakare. Uye kana mbeu yawira muvhu, inoora; inorarama zvakare. Asi munhu akavata obuditsa mweya wake; anobva apera. Zvino vana vake vanouya, vanakomana vake, kuzomuremekedza nokumuchemera; iye haazvioni. Haamuke zvakare. O, heunoi uyo. Dambudziko nderipi? Ndiri mbeu, zvakare. Ndiri chimwe chinhu, icho chiri mbeu, uye ndichaenda muvhu. Handikwanise kumuka zvachose. Ndichavatapo. O, ndivanzei mubwiro, ndichengetei panzvimbo yakavanda kusvikira hashu dzeNyū dzapera. Nditarirei nguva munditonge. Seapo matombo anopera, mvura inokuya dombo.” O, akaenderera mberi, achitaura zvinhu zvose izvi. Aikwanisa kuona mienzaniso yose kunze uko, zvazvaive. O, haana kungogona kuzviona.

<sup>165</sup> Zvino, Hanzvadzi Rodgers, munorangarira pandakazviparidza pamariro aBusty. Maona?

<sup>166</sup> Uye, kuti, “Anozokuya dombo,” uye zvinhu izvi. “O, O iMi, ndivanzei mubwiro, ndichengetei panzvimbo yakavanda.” Akaramba achimanikidzira. Akati, “Dai ndaiziva. Dai ndaiziva kwandingagona kuenda, kuMunhu anokwanisa kuisa mawoko aKe pandiri, munhu mutadzi, naMwari mutsvene, otaura naYe akandimiririra.” O, ini zvangu! “AriKo. Ndinoziva AriKo. Aripo mumwe Munhu Uko anokwanisa kuzviita. Aripo mumwe Munhu pane imwe nzvimbo. Ndingamuwanepi

Munhu uyu? Ndingawenepi? Ndichagogodza pamukova waKe ndigotaura naYe. Dai Mumwe angoisa ruwoko rwaKe pandiri, nepana Mwari, ogo—ogondivharira mukaha, agotaura! Dai ndaingokwanisa kuwana Munhu uyu! O, Aripiko?”

<sup>167</sup> Akatsvaga muchechi make. Akatsvaga nemusangano rake. Haana kuwana Munhu akadaro.

<sup>168</sup> Zvino kamwe-kamwe, makore akakotonoka achidzokera, ndokuona Munhu uya achiuya. O! Moyo wake mutana wakarova nomufaro. Zvino chimwe chinhu chakaitika. “Ndinoziva Mudzikinuri wangu mupenyu. Aripo Munhu akadaro.” Amen. Achiripo Munhu akadaro. “Ndinoziva Mudzikinuri wangu mupenyu. Kunyange, honye dzaparadza mutumbi uno, asi munyama yangu ndichaona Mwari, Uyo wandichazvionera. Achamira panyika nezuva rokupedzisira.”

<sup>169</sup> Mangawanani aya eEsta, paAkamuka uko, uye mutumbi waJobho wakanga usisadariki chipunu chizere chedota, akanga akamirira. Aive Boka riya rakasanangurwa. Akamuka kubva mubwiro ndokupinda muguta, aina Abrahamama, Isaka, Jakobho, Jobho. O, ini zvangu! Amen. Nokuti, vaitsvaka Munhu akadaro.

<sup>170</sup> “Uye kune avo Vanotarisira Kristu kechipiri,” vanokwanisa kukunda zvinhu zvemunyika ino, nenyasha dzaKe, kupinda maAri, wopfiga meso ako kuzvinhu zvose kunze kwaKe neShoko raKe, “Achaonekwa kechipiri muKubwinya.”

“Nokuti hwamanda yaMwari icharira, vakafa muna Kristu vachamuka; avo vari vapenyu vakasara vachashandurwa, kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso, tichabvutwa pamwe chete, kundosangana naYe muchadenga.”

<sup>171</sup> Kunyange ndave chipunu chizere chemadota, kana kunge ndiri mupenyu paAnouya, hazvina mutsauko kwandiri. Amen. Hazvina basa, nokuti ndakabata chiratidzo. Chifukidzo chakabviswa, zvino ndinoMuona. Uyo aikwanisa kumira, kuisa ruwoko rwaKe pandiri, munhu mutadzi, nepana Mwari mutsvene. Uye ndiYe murevereri wangu. Ndiye Shoko randinomiririra. “Pakutanga kwaiva neShoko.” Ndiye Shoko riya, uye Anondimiririra, Ikoko. Amen. Uye ndichazvidanidzira, chero ndiri kufema, “Ndiye Rumuko rwangu neUpenyu hwangu.” Uye dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza. Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

<sup>172</sup> Sezvo Akabata avo vaive vakazvitarisira, saizvozvo Achauya kumutsvene wese wemuTestamende Itsva akakunda mutsoropodzi wese ari musangano, uyo akakunda zvivi zvine mukurumbira zvezuva rino, zvezera rino ratiri kurarama mariri zvino, sezvaAkaita mune mamwe mazera ose ekereke, avo vakakunda muzera iroro rekereke. Avo vakakunda chii? “Ndakapfuma. Hapana chandinoshaya. Ndine. . . O, ndiri zvose *zvokuti* nezvose *zvokuti*. Uye ndiri Mwenga. Ndiri *zvokuti*.”

Hapana chandinoshaya.’ Uye hauzive kuti hauna kusimira, uri bofu.”

<sup>173</sup> Maona zera rinonyengera randataura? Hazvina kuita seavo vaidimburwa misoro, kareko, kuti vawane dombo jena; kwete avo vakafira chitendero, vakapiswa nehuni, nezvinhu zvakadaro; vakawana korona. Asi nderino zera rinonyengera zvino, vanofunga kuti vari zvinhu zvose. “Handiti, ndiri nhengo yekereke. Ndiri murume akanaka. Ndiri mudzimai akanaka. Ndinoita *zvakati*. Handifanire kuita *Zvokuti*.”

<sup>174</sup> “Asi uyo anokunda,” uyo anokunda zvinhu zvose zvenyika zvezera rino, vachaiti? Vose vachagara naYe muchigaro chaKe choushe; vachapinda muKubvutwa paAnouya. O, ini zvangu! Ko ndinoita hanya nei, zvino? Ko tingaitireiko basa nezvinotaurwa nenyika? Ko tingaitireiko basa nezvinotaurwa nemumwe munhu? Mweya Mutsvene mukuru ari pakati pedu. Shongwe yaKe yeMoto inotitungamirira nokutifambisa mugwara. Shoko raKe rinosimbiswa pamberi pedu. Rudo rwaKe rwuri mumoyo wedu. Nyika iri kumashure. Tadarika rufu tapinda muHupenyu. Nyika inofunga kuti unopenga.

Asi Jesu angatakure here muchinjikwa uyu  
oga,  
Uye nyika yose yoregwa ichienda zvayo  
yakadaro?  
Pane muchinjikwa wemunhu wose,  
Uye pane muchinjikwa wangu.

<sup>175</sup> Makore mukumi matatu nematatu mumunda wekuvhangerwa, zvino muchinjikwa uyu wakayereswa ndichautakura kusvikira rufu rwandisunungura.

<sup>176</sup> Regai hama dzangu dzindirambe, vagotaura zवानoda, kana kundiramba. Asi paShoko *iri* ndinomira, uye Iri roga.

Muchinjikwa uyu wakayereswa ndichautakura  
Kusvikira rufu rwandisunungura,  
Zvino ndozoenda kuMusha, muKubvutwa,  
kunopfeka korona.

<sup>177</sup> Ndizvo zvatinoda tose. Handizvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvo zvatinoda. Ndiyo—ndiyo tariro nechikumbiro chedu. Hatina dzimwe pfungwa, asi iyo iri pamusoro paJesu Kristu. Uye tinomira pakururama kwaKe, kwegwa, uye kururama kwaKe kuri muShoko raKe. “Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Zvino shoko richiri kuZviratidza.

<sup>178</sup> Kukunda sei? Nokutora Shoko, vimbiso, mukuzvininipisa, uchifamba wakazvininipisa.

Muchinjikwa uyu wakayereswa ndichautakura  
Kusvikira rufu rwandisunungura,  
Zvino ndozoenda kuMusha, kunopfeka  
korona.

<sup>179</sup> Nokuti, “Kana Hwamanda iyi yarira!” Munogona kundiviga mugungwa, asi Hwamanda ichandimutsa. Ndizvozvo. Ndiri kuenda Kumusha, rime zuva. Ameni. Tisati tasvikako, ndicharamba ndichishingaira, ameni, ndakatakura muchinjikwa uyu; ndakachengeta meso angu asina kutarisa pavanhu, asi paKarivhari iri mberi, nokuti Aiva muenzaniso wangu. Akaratidza kuti zvinoitwa sei. Uye muenzaniso waKe, tinoutevera nomufaro, zuva roga-roga.

Ndiri kutevera Jesu nhano yoga-yoga yenzira.

Ndiri kutevera Jesu nhano yoga-yoga yenzira.

<sup>180</sup> Hamuzvide here izvi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] O, ndinofunga sei, kuMutevera, zuva roga-roga, nhano yose yenzira.

Ngatinamatei.

<sup>181</sup> Ishe Jesu, awa nemaminitsi gumi nemashanu zvino, ndimire pano, ndichiedza kutora Shoko reNyu ndichiedza kutsanangurira vanhu kuti vangakunda sei. Makatiudza maitirwo acho. Hamuna bedzi kungotitaurira, asi Makaratidza maitirwo acho. Makatitungamirira. Makatiratidza maitiro atinozviita: kugamuchira Shoko mukati medu, uye nokuva nechokwadi kubatirira paShoko iri, “Zvakanyorwa zvichinzi,” mumuedzo wese; asi zvininipise, kufamba wakazvininipisa. Zvadaro tinenge takunda, kubudikidza neMi, nesimba reNyu rakakunda nechekare muvengi wedu. Zvino chinhu choga chatinofanira kuita ku—kungofamba takazvininipisa nokutenda, uchiZvitenda, uye nebheji redu rokuzvzivisa reMweya Mutsvene, zvino Satani anofanira kusuduruka.

<sup>182</sup> Pane mahengechepfu ari pano. Anomirira vanhu vanorwara. Vane zvishuwo, Ishe. Uye vanoverenga muShoko iri risingakundi apo vakatora kubva pamuviri waMutsvene Pauro mahengechepfu nemaapuroni. Zvakaiswa pane vanhu vairwara. Mweya yetsvina yakabuda mavari, uye zvishamiso zvikuru zvakaitwa. Zvino, Ndimi Ishe Jesu mumwe chete nhasi.

<sup>183</sup> Pauro akaparidza Shoko rino, ndokunyorwa Shoko rino, Shoko rimwe chete ratiri kuedza kutevera. Nokuti, akatora Testamende Yekare ndokuifananidzira, ndokuiratidza kuti yaive mufananidzo, kuti Testamende yose Yekare yaive mufananidzo wakakwana weItsva. O Ishe, dai tikatevera muenzaniso uyu.

<sup>184</sup> Tinoona Ishe wedu, zvaAkaita. Uye tinocherechedza kuti, vatsvene vava vemuTestamende Yekare, mangwanani ano, tinoona kuti vakanyatsoenda. Jesu paakamuka, vakaenda Naye. Uye, Ishe, tinotenda kuti tichaenda kana Aridza Hwamanda. Tinozvitenda, kuti Mwenga uchaenda neZuva iroro unobatana neboka raWo reva—vaHebheru, zvino, pamwe chete, pachava neMabiko eMuchato muKubwinya. Avo vakamirira.

Tinokumbira zvino nyasha netsitsi dzeNyu pamusoro pedu. Vakundi, Ishe, vakundi, ndizvo zvatinoshuvira kuva. Tikundei

isu. Ishe Jesu, Makakunda nyika. Zvino ndinonamata kuti Muchaita kuti munhu wese ari muno, mangwanani ano, “Abvise chivi chose, abvise mutoro unokurumidza kutigumbura, kuitira kuti tigomhanya nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa mberi kwedu.”

<sup>185</sup> Pauro akataura izvi, Baba vedu voKudenga, umo muBhuku ravaHebheru, kuti, “Tinofanira kubvisa zvose zvinoremedza,” chitsauko 12 chiya, maakataura nezvazvo, mushure mokunge aratidza nemuenzaniso, kareko: avo vakaenda mberi; avo vasina kuenda mberi; avo vasina kutevera nemoyo wose; avo vakatevera vari mberi; avo vakasarira kumashure. O! Akaratidza mienzaniso. Zvino akatendeuka ndokuti, “Ngatibvisei zvose zvinoremedza, kanhu kose kaduku kanotikanganisa, kuitira kuti tigomhanya nokutsungirira nhangemutange yataisirwa mberi kwedu; takatarisa kwaAri, muvambi nemupedzisi weKutenda kwedu, Akatipa muenzaniso.” Tinoita izvozvo mangwanani ano, Baba.

<sup>186</sup> Zvino, takakotamisa misoro yedu, zvino nyatsotarisisai, chaizvo, chaizvoizvo. Uye, zvino, ivai makanyatsoperera. Zvinongo—zvinongotora...Ndizvo zvoga zvazvinotora: kuzvinzvera kwako nokuperera kwako. Nyatsongwarira pauri kunzvera zvino. “Ndinzverei, Ishe. Ndiezei. Mune chakaipa here mandiri? Kana chirimo, Ishe, regai ndichisiye pasi, ipo pano zvino. Panzvimbo ino, pandakakotama, ndiyo artari yeNyu. Ndinozviisa pasi, ipo pano zvino, ndoisa tsoka dzangu pamusoro pazvo. Pandichafamba ndichienda, zvichange zviri ipapo. Simba Reropa reNyu richazviparadza. Ndinoda kuve mukundi. Ndine chinhu chiri kundinetsa, Ishe. Ndinoda kukunda, mangwanani ano. Ndinokwanisa, neMi. Ndazviudzwa, neShoko reNyu. Ndinozviradzika pasi zvino, Ishe, uye ndinoisa tsoka dzangu pazviri. Pandinobuda muno muchivakwa mangwanani ano, ndoenda, ndichiziva kuti zvaiswa mubha—bhavha remushonga unochenesa waMwari. Hazvizorangerirwi zvakare. Ndinozvireurura zvino ndokumbira tsitsi.”

<sup>187</sup> Takakotamisa misoro yedu, meso edu akavharwa; moyo yedu ichifunga, ndiwo mukova kumunhu wemukati zvino. Pane chimwe chinhu here chaunoda kubvisa mangwanani ano, chimwe chinhu chaunoda kukunda? Uye wamboedza zvakaomarara, asi, mangwanani ano, uchangobva warega zvokuedza. Uchangogamuchira zvaAkaita. Ndinoda kuti ungosimudza ruwoko rwako, uchiti, “Ishe, ndinoda kukunda. Chimwe chinhu chinondinetsa.”

<sup>188</sup> Ishe Jesu, Munoono maoko ayo. Zvino, semuranda weNyu, ndakamira pakati pevapenyu nevakafa, ndinotsiura zvose zviri kunetsa vanhu ava neniwo pachangu. Uye ndinokumbira nemuZita raJesu Kristu, tinogona kuzvisiya pano paartari yaMwari, uye tigobva tichienda mangwanani ano, takasununguka, sevakundi.

<sup>189</sup> Kana hanzvadzi dzedu dzanga dzisati dzava nenyasha zvino, dai vakadziwana iye zvino, Ishe. Kana hama dzedu dzanga dzisati dzawana nyasha, dai vakadziwana iye zvino. Uye dai, mukuzvinipisa, amai nevana vavo, panzvimbo yokuva vanozvikudza. Amai vanoziva kuti vagere... Ivo muparidzi kuvana vaduku ava. Upenyu hwavo muenzaniso. Baba muenzaniso kuna amai, nokuti ndiye musoro weimba. Amai vanga vari kuedza kuvatonga-tonga; havachazviiti zvakare. Kana baba vanga vari kuvashandisa sechitsiko chepasi, hazvichaiiti zvakare. Amai mubatsiri. Zviitei, Ishe. Dai zvinhu zvose izvi zvinotidzivisa, Ishe, zvakabviswa.

<sup>190</sup> Ti—tiri kuzvichenesa, Baba, panguva youpenyu yatinayo mberi kwedu, tichiziva izvi, kuti tinofanira kusvika kumagumo ayo, uye nenguva isipi. Saka, mangwanani ano, tinitora mukana uyu, mushure meMharidzo ino. Tinitora mukana, Ishe, kuuya, nokuti tinorairwa kuti tiuye. “Isa mitoro yako paAri, nokuti Ane hanya newe.” Ndinoziva kuti Mune hanya, Ishe. Makava nehanya dzekutifira. Uyewo zvirokwazvo tine hanya dzokugamuchira zvaMakafira.

<sup>191</sup> Tichenesi, Ishe. Tizadzei patsva neMweya Mutsvene. Dai Mweya Mutsvene wangotonga mumoyo yedu, zvikurusa, kuti tigofamba, tigokanganwa zvinhu zvakapfuura, matakana nematope atambogara maari. Tinoshingairira kunharidzano dzekudanwa kwepamusoro, uko Zviyedza zvedu zvinokwanisa kupenya saizvozvo mukutapira nekuzvinipisa, kusvikira mupfuuri wese anogona kuti, “Pane Mukristu anogara pachikomo icho. Munhu uyo, mudzimai uyo, murume uyo, iruva raMwari rakanyatsocheneswa. Vanotapira uye vane mutsa, nguva dzose vane rudo nekutapira, nokunzwisisa.” Zviitei, Baba. Ngativei nemunyu, kuti nyika igova nenyota; zviitei, Baba; tigokunda zvinhu zvemunyika ino, nezvinetswa zvehupenyu huno. NemuZita raJesu Kristu. Amenii.

Ndinokwanisa . . .

Zvino ngatingosimudzei ruwoko rwedu.

. . . Muponisi . . .

Kudana chii? “Kwira kumusoro, kubva mumatope.” Hupenyu hwepamusoro; Chimwe chinhu chiri mauri, chiri kukukakatira ikoko. Chii? NdiYe. Zasi mumatope, maruva maduku; mune Upenyu imomo, huri kuzvimanikidzira kwamuri. Ndizvo zviriri kukudana, “Uya kumusoro, kunze kwematope.”

Kutevera, kutevera . . .

<sup>192</sup> Zvino, unorevesa here? Zvino vhara meso ako.

KwaAnonditungamira ndichat- . . .

Zvino chizvipira pachako. Revesa, zvino.



KwaAnonditungamira ndichatevera,  
KwaAnonditungamira ndichatevera,  
Ndichaenda Naye, Naye, nzira yose.

KwaAnonditungamira ndi . . .

Mukungotapira zvino. Rangarirai, zviise ipapo.

Anotungamira . . .

“Ndichazviisa pano, Ishe. Ndave kuKuteverai, kubvira iye zvino. NdinoZvigamuchira. NdinoZvitenda.”

KwaAnotungamira . . .

Rangarira, upenyu hwako huchapupura zvinodarika muromo wako. Zvaunorarama zvicharatidza kuvanhu zvinodarika zvaunotaura.

Kuenda naYe, naYe, (nzira, kupi?) nzira yose.

[Hama Branham vanotanga kuimba mahon’era  
*KwaAnonditungamira*—Mupepeti.]

<sup>193</sup> Chingozvipira, zvakadzama, wakaperera, nemoyo wose. Ko dai ino iri iyo nguva yaungatenderwa kunamata kekupezdisira? Inogona kuve iyo. Ndine tariro yokuti handiyo. Inogona kunge iri iyo. Zvadaro, iva nechokwadi zvino, chokwadi chemazvirokwazvo, chokwadi chemazvirokwazvo. Rangarirai, mukova uchavhara, rimwe zuva, zvino zvinenge zvapera. “Kumbira, uchawana.”

[Hama Branham vanotanga kuimba mahon’era  
*KwaAnonditungamira*—Mupepeti.]

<sup>194</sup> Chingofunga pamusoro pekubwinya kwese kwaAri kukupa, zvose zvaAkaita. “Ndinotenda, Ishe. Ndinotenda. Ndinotenda kuti Ndimi mukundi wangu. Ndinongofamba neMi, Ishe. Ndinoda kugara pedyo neMi, kuti paMuri, ndipo pandinoda kuva.”

<sup>195</sup> Uye rangarirai, Makatiudza, Baba, kuti, “Tichava naShe nokusingaperi, kana tabvutwa.” TangoMuona mu—muchidimbu zvino, paAri kufamba nesu zvino. Asi ikoko ticha . . . Chinhu chikuru zvakadini, kungoziva kuti Ari pakati pedu—pedu! Zvichange zvakadini patichange tinaYe nokusingaperi? Tinonyatsoda zvose zvatinoita: tinogona kubuda tichityaira; tinogona kuenda kunotenga; tinogona kuenda kunovhima, kunoraura, kana chingavei chatingaita chinotipa mufaro. Asi, o, kana kereke yazaruka, munoona, tinoda kusangana naIshe vedu. Ndicho chinhu chikurusa pane zvose. Zvino, fungai, Akativimbisa. “Uye nokusingaperi tova naShe. Togara Naye muchigaro chaKe cheushe, tova naYe nokusingaperi.” O Mwari, takazvininipisa, ta—takakotamisa misoro, tinozvigamuchira, Ishe, nemuZita raJesu Kristu.

<sup>196</sup> Unonzwa here kuti unogona kungosiya, zvino, zvose, mutoro wose? Unokwanisa kungofamba, pamusoro pazvo zvino? Kana

wakadaro, simudza ruwoko rwako, uti, “Nenyasha dzaMwari ndinoisa muedzo uyu pasi. Handisi kuzourwisa, zvachose. Ndiri kuzongobata ruwoko rwaKe, ndotanga kufambira mberi.”

“Ndakarwisa, Hama Branham. Ndakaedza kurega kuputa fodya. Nda—ndakaedza kurega vhudzi rangu richikura. Ndakaedza kuita *zvakati*. Ndakaita...Ndakaedza, nesimba rose, Hama Branham. Ndiri kungozvitadza.”

Chirega kuzviedza, zvachose. Chingobata ruwoko rwaKe, uti, “Baba, Imi chiisai ruwoko rwangu muruwoko rwenyuwo.” Maona? “Ndave kungoKupai ruwoko rwangu. Ndichafamba ndichienda mberi, Ishe, ndichitarisa kwaMuri.” Zvinoitika. Zvichakupfekedza soMukristu chaiye. Unozova Mukristu chaiye.

<sup>197</sup> Kusvikira ndakuonai, manheru, Mwari vakudei vagova nemi. Muri vana vangu veEvhangeri. Ndimi makatengwa.

Zvino ndinopa mufudzi wenyu kwamuri, kuti vatiparadzanise, Hama Orman Neville. 

*KO NDINGAKUNDEWO SEI?* SHO63-0825M  
(How Can I Overcome?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 25 Nyamavhuvhu, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)